

LAMPIRAN

Lampiran 1 : SK Skripsi



KEPUTUSAN
DEKAN FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA UPI
NOMOR: 644/UJN40.F3.D1/TD.06/2023

TENTANG PENGESAHAN JUDUL DAN PENUNJUKAN DOSEN PEMBIMBING SKRIPSI

DEKAN FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA UPI,

- Menimbang : a. Bawa untuk menyelesaikan studi bagi mahasiswa penempuh jalur skripsi, bahan kajian sesuai dengan judul yang akan dipertahankan itu perlu mendapat pengesahan secara formal;
b. Bawa untuk lancarnya penuangan gagasan ke dalam draft skripsi, mahasiswa yang bersangkutan perlu dibimbing agar penulisan skripsi tersebut selesai tepat waktu;
c. Sehubungan dengan butir 1 dan 2 perlu diterbitkan surat keputusan;

- Mengingat : 1. UU No. 20 tahun 2003 tentang Sisdiknas;
2. UU No. 12 tahun 2012 tentang Pendidikan Tinggi;
3. PP No. 4 tahun 2014 tentang Penyelenggaraan Pendidikan Tinggi dan Pengelolaan Perguruan Tinggi;
4. PP No. 15 tahun 2014 tentang Statuta UPI;
5. Keppres No. 124 tahun 1999 tentang Perubahan IKIP Bandung menjadi UPI;
6. SK Rektor UPI No. 01/UN40/KP.09.04/2021 tentang Pemberhentian dan Pengangkatan Dekan dan Direktur Kampus UPI di Sumedang Universitas Pendidikan Indonesia; Masa Bakti 2021-2025
7. Pedoman Penyelenggaraan Pendidikan Universitas Pendidikan Indonesia 2022;
8. Pedoman Penulisan Karya Ilmiah Universitas Pendidikan Indonesia 2022;
9. Surat Ketua Departemen/Prodi Pendidikan Bahasa Sunda, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Sastra UPI nomor 36, tanggal 16 Februari 2023, tentang permohonan pengesahan judul dan penunjukan dosen pembimbing skripsi.

MEMUTUSKAN

- Menetapkan : KEPUTUSAN DEKAN TENTANG PENGESAHAN JUDUL DAN PENUNJUKAN DOSEN PEMBIMBING SKRIPSI
KESATU : Menyetujui pengesahan judul dan penunjukan dosen pembimbing skripsi terhitung mulai tanggal 17 Februari s.d. 31 Agustus 2023

atas nama : **RENDY RUSTANDI SAEPULOH**
NIM : 1900201
Departemen/program studi : Pendidikan Bahasa Sunda
perolehan IPK : 3,65

Judul Skripsi:
**NOVÉL ABSUR KARYA H. D. BASTAMAN
(ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ABSURDITAS)**

- KEDUA : MENGANGKAT NAMA-NAMA DOSEN:
1. Dr. Retty Isnendes, S.Pd., M.Hum. NIP 197212021999032001 Gol. IV/a
Pembimbing Utama Jab Lektor Kepala

- KETIGA : Menugaskan kepada Dosen Pembimbing supaya secara bersama - sama melaksanakan kegiatan berupa:
- a. Penelaahan judul, pembahasan konteks, dan teknis penggarapan skripsi;
 - b. Pembimbingan selama satu semester; dan
 - c. Pelaporan kegiatan bimbingan kepada Dekan melalui Ketua Prodi masing-masing.
- KEEMPAT : Memberikan honorarium kepada dosen pembimbing yang besarnya sesuai dengan ketentuan yang berlaku.
- KELIMA : Keputusan ini berlaku mulai tanggal disetujuiinya pengesahan judul dan penunjukan dosen pembimbing skripsi, dengan ketentuan apabila di kemudian hari terdapat kekeliruan dalam penetapan ini akan diperbaiki sebagaimana mestinya.

Ditetapkan di Bandung
Pada tanggal 17 Februari 2023



Tembusan:

1. Ketua Prodi terkait FPBS UPI;
2. Dosen Pembimbing Utama dan Pendamping.

Lampiran 2 : Kumpulan Data Novél Absur

Ngumpulkeun Data Struktur Carita

No	Téma	Cutatan	Kode Data
1.	Ngimpi panggih jeun adi, padahal budak bungsu	“.....Saur Ema, "Tuh, adi Aam," bari nuduhkeun ku angkeutna. Kuring kaluar ti tepas mapag nu anyar datang."Sukur, Jang, datang," ceuk kuring ngabagéakeun. Tuda teu nyaho saha ngaranna. Manéhna nyolongkrong rengkuh munjungan bari nyium leungeun."Kang," cenah sakitu- kituna. Ku kuring dirangkul. Pohara sonona.”	(A/E1/KU1/KC5)
		“.....Ditanyakeun deuih naha baréto Bapa jeung Ema kagungan putra deui sanggeus kuring atawa Ema kungsi kaluron sabada kuring dijurukeun."Sakanyaho Euceu mah teu kagunganeun. Asa teu ngadéngé deuih Ema kungsi kaluron sanggeus Aam aya. Aam mah bungsu... bungsu bangséot," pokna bari seuri.”	(A/E1/KU1/KC6)

No	Téma	Cutatan	Kode Data
		“.....Ih, lain kitu. Kieu, Aam inget baréto basa Bapa Lalandong di Cijamblang di bumina Kang Mangku jeung Téh Éen?” pokna.	(A/E1/KU1/KC7)
2.	Néangan bebeneran mimpi dua taun ka tukang	“Isukna, Euceu dianteur ku Kang Mangku jeung Téh Réni ka Bapa, diiring ku réncang nu mawa bebekelan jeung tuangeun haturan Bapa,” Ceu Omih neruskeun caritana ngagareuwahkeun kuring nu anteng ngalamun nginget- ninget kaayaan Bapa basa di Cijamblang”	(A/E2/KU1/KC9)
		“Geus tong diréka-réka bisi su'udon ka kolot. Jeung tong cacarita ka sasaha. Hanjakal dicaritakeun,” pokna bangun handeueul. Kuring nyenghél.”	(A/E2/KU1/KC11)

No	Téma	Cutatan	Kode Data
3.	Panyakit arateul nu datang sabada solat tahajud.	“Réngsé ”ngahampangan awak” terus wudu. Saged disarung maké baju kamprët dikopéah. Crot-crot parfum 4711 tamba bau teuing nu tacan mandi. Cong solat sunat wudu jeung solat sunat tobat disambung solat tahajud. Sanggeus kitu ngadunga sakeudeung neda panangtayungan Mantenna pikeun diri sorangan jeung kulawarga,”	(A/E3/KU1/KC12)
		“Gimpa henteu?” kuring nanya ka bojo. “Henteu. Ukur bareureum tilas ngagaro meureun. Mun kaligata atawa ku hileud mah sok gimpá. Komo ku rarawéa mah ngagareblég bareuh,” walonna.”	(A/E3/KU1/KC14)
4.	Néangan ubar pikeun panyakit arateul.	“Ki Mangku neruskeun lacak bapana, Mangkudisastra, nu saméméhna jadi kuwu di dinya. Malah akina mah, Mangkudidjaja, kuwu Cijamblang munggaran. Ti manéhna meunang béja cenah	(A/E4/KU1/KC16)

No	Téma	Cutatan	Kode Data
		<p>di Cijamblang aya nu bisa ngubaran rupa-rupa panyakit”</p>	
		<p>“Geus rada lila kawasna mah, nya?” manéhna nanya.</p> <p>“Enya. Geus béak taun kadua...,” walon kuring.</p> <p>“Kudu leukeun ngubaranana. Rada lila kawasna mah kana cageur, Juragan. Ngubaranana kieu. Salila sabulan unggal isuk mandi kudu maké leuhang. Terus pallinum sanggeus mumuluk jeung mcmh saré. Ti dinya karék dibalur ubar.”</p>	(A/E4/KU1/KC17)
5.	Diajar nyieun ubar jeung Ki Atma.	"leu keur leuhang," pokna bari ncmbongkeun rupa-rupa dangdaunan kayaning daun hanjuang, daun peuteuy sélong, daun jeruk purut, pandan, janur kalapa, tangkal cécéndét katut daun-daunna, tangkal séréh,	(A/E5/KU1/KC19)

No	Téma	Cutatan	Kode Data
		daun kunyit, jeruk tilu rupa, sajeungkal tangkal honjé jeung papagan.”	
		"leu mah keur ubarna. Bawang bodas, jahâ, jeung gula, tambahan jeruk mipis deuih dibebek kabâh sing galo. Caian tilu cacangkir terus taheurkeun nepi ka kimpel. Pahinum mah isuk baâ can manggih kabâh pibahaneunana," pokna nerangkeun."	(A/E5/KU1/KC19)
		"Deuleukeun ku manéh ambéh bisa, "pokna ka Si Sudar bari manjuran awak ku cileuhang."	(A/E5/KU1/KC20)
6.	Tukang Ngubaran Diubaran	“Tadina mah lantaran geus ngarasa rada cageur rék nyobanyoba dipaké meulahan kai pisuluhun kamari pasosoré. Na atuh karék gé dua heumbatan, ari jelengak téh leungeun karasa	(A/E9/KU1/KC33)

No	Téma	Cutatan	Kode Data
		<p>deui méh teu bisa diobahkeun, bleng bareuh.”</p> <p>“Ah embung, Ki Kuwu, jauh. Jaba sorangan mah teu nyaho kudu kumaha kumahana,” ceuk Ki Atma.</p> <p>"Moal dibikeun nyorangan. Dianteur ku jurutulis jeung ponggawa désa mawa surat ti kuring keur Juragan Camat jeung kuwu Pamoyanan," ceuk Mangun tandes. Atuh daék teu daék”</p>	(A/E9/KU1/KC33)
7.	Kulawarga Nyi Titing nu kurang harmonis.	"Keun ku abdi disuluran ngaladangan mah. Euceu mah sing jongjon-jongjon baé ngurus Akang sanggemna," ceuk Nyi Titing basa ngobrolkeun lalakonna, "Tapi nya kitu, Bapa, kawitna mah leres, lami-lami gula nu sakitu seueurna beuki celong ari artos teu lebet. Paribasa loba nu nganjuk."	(A/E11/KU1/KC42)

No	Téma	Cutatan	Kode Data
		<p>“Méh lima taun imah-imahan téh bari jeung bisa nyieun imah sagala iwal can baé boga budak. Atuh beuki dibendéng ku mitoha nu saméméhna ogé geus kaciri teu pati resepeun ka minantu.”</p> <p>“Salami tutunggin, abdi digekendut ku Abah sangkan tong karooh ku warisan salaki. Nu ngaran warisan mah sok <i>mahala mahayu</i>”</p>	(A/E11/KU1/KC41)
8.	Omongan Ki Hanapi nu jadi pikiran.	<p>“Na lain dipihukum baé, Juragan, Si Titing téh. Budakna pantes sakitu mah, bageur jeung nurut ka kolot sakanyaho mah.”</p> <p>“sabenerna mah rada kapikiran éta ogé” walon kuring sanggeus ngahuleng sakeudeeung.”</p>	(A/E13/KU1/KC49)
		<p>“Basa keur ngadunga ujug-ujug kolépat baé dina pikiran aya dua kalimah nyerep nyaéta “mulang tarima” jeung “nyinglar pitenah”. Enya, éta hakékatna</p>	(A/E13/KU1/KC50)

No	Téma	Cutatan	Kode Data
		mah taya lian “misukur” jeung “pertobat”	
9.	Niatan mihukum Nyi Titing, padahal boga bojo.	<p>“Eweuh dina kitabna rék nyandung kudu béléja heula ka pamajikan mah. Pék ungkab geura,” pokna megat kalimah.”</p> <p>“Kieu, Ki Atma.... Kumaha mun Si Titing dipihukum ku Kuring?” ceuk kuring togmol Kaciri pisan manéhna ngarénjang, malah maridah. Diukna pindah nyinghareup ka Kuring bari neuteup seukeut.</p> <p>“Kumaha?” pokna semu nyentak”</p>	(A/E12/KU1/KC47)
		“Kieu, Iting,” ceuk bapana, "tadi Abah nyarita rada lila jeung Juragan. Tangtu manéh ogé geus bisa ngabadé naon nu dicaritakeun. Tapi ambéh leuwih jéntré rék ditepikeun deui ka manéh naon nu dipadungdengkeun ku Abah jeung inyana. Reungeukeun	(A/E15/KU1/KC59)

No	Téma	Cutatan	Kode Data
		<p>sing bener. Kieu cindekna mah. Juragan téh rék mileuleuheungkeun manéh. Rék dipirabi cindekna mah. Ari Abah mah teu rék ngajurung teu rék nyaram, da lain nu ngabadanan. Manéh nu rék ngabadanan mah, lain Abah. Ayeuna Abah rék nanya raga katineung manéh. Kumaha manéh purun?" Teu ngajawab anggur beuki tungkul rada lila, barang cengkat kaciri rambisak.</p> <p>"Teu lila, Nyi Iting tanggah, terus bari dumareuda ngomong, "Iting mah kumaha ceuk Abah baé."</p>	
10.	Sarat-sarat nikah nu can pasti.	<p>"Dicaritakeun ogé perkara hayang nyieun kahadéan ka nu ngubaran nu salila ieu ampir tara ieuh ménta panarima. Ki Kuwu kawasna mah ngartieun pertimbangan kuring, ngan bojona baé nu katingal ngaheruk. "Abdi mah paur nadah benduna Bibi ba6, Mangi</p>	(A/E16/KU1/KC64)

No	Téma	Cutatan	Kode Data
		<p>da tangtos moal ka saha deui neumbleuhkeunana lintang ka abdi” pokna.</p> <p>"Perkara éta mah, Nyi Kuwu, tong dipaké hariwang. Keun Emang nu mananggungna. Malah Emang sorangan nu râk balaka ka Bibi dina waktu nu mustari. Muga-muga bad Bibi ngartieun"</p>	
		<p>“Geura cuang itung. Ayeuna Senén. Senén—Senén, dalapan poé.... Salaşa Rebo dua poé. Tuh sapuluh poé ti ayeuna. Kumaha?” pokna bari melong ka kuring. Kuring ngarérét ka Ki Kuwu. Mandhna unggueuk ngisaratan satuju.</p>	(A/E16/KU1/KC66)
		<p>"Ari talari urang gunung mah, Ki Kuwu, ukur tutukeuran. Ti dieu mawa iket jeung parabot tatanén naon baé keur kuring jeung karémbong weuteuh keur Si Iting. Ti kuring malesna ku</p>	(A/E16/KU1/KC66)

No	Téma	Cutatan	Kode Data
14.	Kedalna Rasa Tina Ati	<p>“....Mangga atuh, Bapa, permios bade wangsul” walonna.”</p> <p>“Tong waka mulang, Nyai. Pangnyyieunkeun heula pahinum. Meunang Si Sudar mah sok rada pahang. Maduna maké baé nu aya, tong nu ieu. Jeung rék aya nu ditanyakeun deuih” ceuk Kuring”</p>	(A/E14/KU1/KC52)
		<p>“Aya cara nu panghadé-hadéna nyaéta mun Nyi Titing dipihukum ku Bapa. Kumaha Rido?” ceuk kuring togmol.”</p> <p>“lah, duka atuh, Bapa, bingung abdi mah. Bingung teu terang kumaha kedahna” walonna</p> <p>Kaciri manéhna bangun mereketkeun manéh méméh ngajawab, tanggah melong beungeut sakeudeung, rey beureum, terus tungkul deui”</p>	(A/E14/KU1/KC54)
11.	Masalah jual beuli tanah di Cijamblang.	“Tungtungna Ki Atma nanya ka anakna, "Kumaha ceuk manéh, Iting? Ceuk Abah mah asa	(A/E20/KU1/KC77)

No	Téma	Cutatan	Kode Data
		<p>mending manéh sing gembleng aya di imah šalaki."</p> <p>"Ari Iting mah, Abah, kumaha ceuk šalaki baé" walonna bari ré t ka kuring, rét deui ka bapana. Sabil manéhna gé sigana mah da duana ogé sarua kawajiban.</p> <p>Buru-buru kuring nyarita, "Tuh kitu geuning, Ki Atma. Enya, Nyi Iting, kitu baé ceuk Bapa mah. Di Cijamblang opat poé, di dieu tilu poé."</p>	
		<p>"Pangaosna palih dinya mah kawilang tos awis, Mang, upami badé diical ayeuna nuju saé pisan," ceuk Ki Kuwu.</p> <p>"Leupaskeun baé. Puguh geus niat ti baréto. Panguruskeun baé sagembelengna ku Ki Kuwu. Emang mah nyaho bérés baé," ceuk kuring.</p>	(A/E20/KU1/KC78)
		<p>"Emang mah hayang tanah nu bakal manjang ngahasilkeunana.Upamana</p>	(A/E20/KU1/KC78- 79)

No	Téma	Cutatan	Kode Data
		<p>pihumaeun, kebon kalapa atawa leuweung nu loba tangkal kawungna," walon kuring.</p> <p>"Moal sesah, Mang. Malih kaleresan abdi gaduh tanah palih tonggoh aya kana dua bau mah. Taun pengker sabagian nembé dipelakan kalapa kirang langkung aya tilu ratus tangkal. Upami kamanah mah mangga digaleuh ku Emang. Atuh huma sareng pikeboneun mah teu acan lami aya urang Pasir Cijambé nu nawiskeun."</p>	
12.	Kurangna panghasilan tukang gula di Cijamblang	"Leres pisan. Teu kaémut. Urang ngadamel koperasi baé atuh. Gulana dikempelkeun di dieu, saminggu sakali diiangkeun ka pasar Pamoyanan nganggo roda kuda. Ulah ditatanggung sapertos sasari atanapi dibajongan ku tangkulak. Sanés mung ukur gula, nanging hasil-hasil tatanén sanésna," ceuk Ki Kuwu."	(A/E21/KU1/KC83)

No	Téma	Cutatan	Kode Data
13.	Béja Cilaka	<p>"Tadina kuring rék ka Pa Kuwu rék rapot, kabeneran aya juragan. Kieu. Tadi subuh-subuh Si Iting labuh di cai. Ngajehjer teu inget-inget. Untung aya nu nangénan. Ayeuna keurditarulungan ku saréréa. Malah geus ngala paraji sagala. Kawasna mah rék terus ngajuru," pokna."</p>	(A/E24/KU1/KC92)
		<p>"Kedah dibantun ka rumah sakit, Mang, rupina aya pembuluh darah di Iebet nu pecah," ceuk Nyi Bidan ka kuring. Terus manéhna ka luar rék ngabéjaan Ki Kuwu sangkan tataharmawa bojo ka Pamoyanan ayeuna kénéh terus ka Banjar."</p>	(A/E24/KU1/KC94)
		<p>"Kedah dibantun ka rumah sakit, Mang, rupina aya pembuluh darah di Iebet nu pecah," ceuk Nyi Bidan ka kuring. Terus manéhna ka luar rék ngabéjaan Ki Kuwu sangkan tataharmawa bojo ka Pamoyanan ayeuna kénéh terus ka Banjar."</p>	(A/E24/KU1/KC94)

No	Téma	Cutatan	Kode Data
		“Ju...ju...juragan, geu...geuning Si Utun ogé ma...ma...maot... patutur...tutur... jeung indungna,” pokna pegat-peget bari nginghak.Jajantung kuring asa didudut. Ngan sakecap nu bisa ngébréhkeun tagiwurna haté: Kiamat!”	(A/E24/KU1/KC94)
14.	Ukur Nong jeung Nong	“Ukur sawatara detik di Alam Dzikrullah mah. Di alam ditu mah kuring jadi Bapa. Atawa Bapa jadi kuring kituh? Atawa Bapa téh kuring, ari kuring téh Bapa? Naha Bapa nu awor jeung kuring atawa kuring awor jeung Bapa?Absur.”	(A/E26/KU1/KC102)

Ngumpulkeun Data Struktur Carita

Galur

No	Bagian	Cutatan	Kode Data
1.	<i>Situation/ Tahap ngawanohkeun</i>	“Dua taun ka tukang ngimpi téh. Di dituna keur duaan di tepas jeung Ema. Di bumi Ema baréto di Padahérang. Kuring gé rarasaan keur ngora kénéh pisan. Sup budak ngora kira-kira	(A/E1/KU2/KC.5)

No	Bagian	Cutatan	Kode Data
		umurna 20 taun asup ka buruan. Awakna langsung ngeusi make calana blujin dikaos <i>T-shirt</i> disapatu <i>kéts</i> . Budak ngora kiwari. Tegep pisan.	
2.	<i>Generating/ Timbulna konflik</i>	“Tapi nya kitu teu lila sanggeus rerep, reng arateul. Mimitina tina suku terus mapay kana bitis, ti dinya pindah kana tonggong numbung kana dada. Ateul nu renyem téa teu émpéh ku digétré, teu cumpon ku digaro.”	(A/E3/KU2/KC13)
		“Ti manéhna meunang béja téh cenah di Cijamblang aya anu bisa ngubaran rupa-rupa panyakit kaasup panyakit kulit kawas Kuring. Dikumahaan ku Ki Kuwu majar sanggeus dipeleng.”	(A/E4/KU2/KC16)
3.	<i>Rising Action/ Konflik mimiti puncak</i>	Nincak bulan kadua, Ki Atma nyarita, sanggeus niténan kaayaan Kuring. “Pagéto mah rék dimimitian dirancét. Leuhang jeung ubarna mah tetep...” “pahinumna?” Kuring nanya. “Dirobah,” walonna, “nyaéta godogan sambiloto, daun janur, tangkal cécendét, sembung, jeung gambir sabeulah.”	(A/E8/KU3/KC29)
		Ku sabab rada sering gobrol bari dirancét lila-lila mah kuring meunang gambaran ngeunaan Nyi Titing. Manéhna nunggal, teu adi teu lanceuk.	(A/E11/KU2/KC41)

No	Bagian	Cutatan	Kode Data
		<p>Kungsi sakola nepi ka tamat Sakola Ra'yat di Cijamblang, tapi teu diteruskeun da ceuk kolotna geus cukup keur urang lembur mah.</p> <p>Tos kitu manéhna ngomong “Ari Juragan bogoh henteu ka Si Titing?” pokna togmol.</p> <p>“Terus terang rada resep ku geténnna, euy,” walon kuring.</p> <p>“Ari bogoh mah...win-win waé tong loba pikiran,”ceuk Ki Hanapi</p>	(A/E12/KU2.KC.47)
4.	<i>Climax/ Tahap Klimaks</i>	<p>Isuk-isuk sanggeus sasarap jeung saged rék jug pisan dianteur ku Ki Kuwu jeung ponggawa désa, jol Ki Dastam haruhah-haréhoh. Bungaheun pisan ningali kuring geus nyampak “Tadina kuring rék ka Pa Kuwu rék lapor, kabeneran aya Juragan. Kieu, tadi subuh-subuh Si Iting labuh di cai. Ngajehjer teu inget-inget. Untung aya nu nangénan. Ayeuna keur ditulungan ku saréréa. Malah geus ngala paraji sagala.”</p> <p>“Ju...ju...juragan, geu...geuning Si Utun ogé ma...ma...maot... patutur...tutur... jeung indungna,” pokna pegat-pegat bari nginghak.Jajantung kuring asa didudut.</p>	(A/E24/KU2/KC92) (A/E24/KU2/KC.95)

No	Bagian	Cutatan	Kode Data
		Ngan sakecap nu bisa ngébréhkeun tagiwurna haté: Kiamat!	
5.	<i>Denouement</i>	Gusti Nu Maha Agung. Sihoréng runtulan kajadian ti mimiti karasa arateul nepi ka tujuhna bojo di Cijamblang nu lilanan tilu taun saukur lumangsung antara “nong” kadua jeung “nong” katilu sora jam di tengah imah. Di alam ditu mah kuring jadi Bapa. Atawa Bapa jadi kuring kitu? Atawa Bapa téh kuring, ari kuring téh Bapa? Naha Bapa nu awor jeung kuring ayawa kuring awor jeung Bapa? Absur.	(A/E26/KU2/KC.102)

Ngumpulkeun Data Struktur Carita

Palaku/ Watek

No	Palaku	Watek	Cutatan	Kode Data
1.	Aam Ramdani	Soméah	“Sukur, Jang, datang,” ceuk Kuring ngabagéakeun. Pohara sono”	(A/E1/KU3/KC5)
		Bageur	“Dicaritakeun éta gé ka Ki Kuwu yén Kuring	(A/E20/KU3/KC78)

No	Palaku	Watek	Cutatan	Kode Data
			<p>hayang boga tanah di Cijamblang.</p> <p>Malah dibéjakeun deuih perkara Kuring hayang mulang tarima ka Ki Atma, tapi carana teu langsung, da kawangwang</p> <p>moal daékeun narima. Mun meuli tanah keur Nyi Titing sageuy nyarél salaki méré ka pamajikan mah. Kahartieun kawasna ku Ki Kuwu kahayang kuring kitu téh.”</p>	
		Sumanget	<p>“Meunang dua taun burber tatamba ka mamana taya</p>	(A/E3/KU3/KC15)

No	Palaku	Watek	Cutatan	Kode Data
			hasilna, méh beak déngkak.”	
		Kritis	“Dina enyana gé mihukum hayang dumasar niat beresih, embung katumpangan napsu birahi duméh kagébang ku Mojang ngora jeung jenggléngan lahiriahna. “Karék tilu janari solat istikhoro téh. Basa keur ngadunga ujug-ujug kolépat baé dina pikiran aya dua kalimah nyerep nyaéta “mulang tarima” jeung “nyinglar pitenah”.”	(A/E13/KU3/KC49-50)
		Wanian	“Kieu, Ki Atma... Kumaha	(A/E15/KU3/KC59)

No	Palaku	Watek	Cutatan	Kode Data
			<p>mun Si Titing dipirabi ku kuring?” ceuk Kuring togmol. Kaciri pisan manéhna ngarénjag, malah marudah.”</p>	
		Panasaran	<p>“Kuring ngaharéwos ka Ki Hanapi “Naon baé, euy, eusi paisan téh?,” cékéng. “Rupa-rupa, Juragan, ilaharna mah pais lélé, pais hayam, pais lubang, pais suung, dagé picung, camai, jeung réa-réa deui. Ka sambel- sambel kudu dipais. Kéjona béas huma nu haraghag ditibelan.</p>	(A/E17/KU3/KC69)

No	Palaku	Watek	Cutatan	Kode Data
			Lalawuhna ogé biasana bangsa papais, kukuluban jeung peuyeum ketan. Kabéh dibungkusan,” walonna.	
2.	Ceu Énah	Resep ngadongéng	“...basa tepung jeung Ceu Énah, lanceuk kuring awéwé panggedéna, didongéngkeun ngimpi téh. Ditanyakeun deuih naha baréto Bapa jeung Ema kagungan putra deui sanggeus Kuring atawa Ema kungsi kaluron sabada Kuring dijurukeun. “Sakanyaho Euceu mah teu	(A/E1/KU3/KC6)

No	Palaku	Watek	Cutatan	Kode Data
			kagunganeun. Asa teu ngadéngé deuih Ema kungsi kaluron sanggeu Aam aya.”	
3.	Ceu Omih	Resep ngadongéng	“Sangeus ngobrol perkara kulawarga séwang-séwang Ceu Omih nyarita “Mun teu salah geus rada lila Aam kungsi nyarita ngimpi boga adi téa. Jadi milu kapikiran Euceu téh bisi enya. Tapi yakin Aam teu boga adi lantaran sakanyaho mah Ema téh teu putraan deui. Jeung asa teu kungsi kaluron deuih sanggeus Aam aya,” jeup	(A/E1/KU3/KC6)

No	Palaku	Watek	Cutatan	Kode Data
			jempé sakeudeung.”	
4.	Bojo	Tambelar	“Tong digasah baé, angguran mah buka raksukan jeung sarung bisi aya hileud bulu atawa mémérang awi” ceuk bojo.	(A/E3/KU3/KC14)
		Daria	“Gimpa henteu?” Kuring nanya ka bojo “Henteu. Ukur bareureum tilas ngagaro mereun. Mun kaligata atawa ku hileud mah sok gimpá. Komo ku rarawéa mah ngagareblég bareuh” walonna.”	(A/E3/KU3/KC14)
5.	Dédéh	Daék ungkad-ingkid	“Pagéto Kuring milu jeung Ki	(A/E4/KU3/KC16)

No	Palaku	Watek	Cutatan	Kode Data
			Mangku sarimbit ka Cijamblang dibarengan ku Dédéh jeung Bojo.”	
6.	Mangkudihardja/ Ki Kuwu/ Ki Mangku	Bageur	“Tungtungna Ki Mangun nyarita kieu” ari Emang ngalih ka lembur Ki Atma mah abdi sareng bojo tangtos moal ngawidian. Nanging kumaha upama kieu. Abdi téh gaduh rorolpok alit paranti niis di léngkob tetelar pali kilon, raos patempatanna téh, plung-plong ka mana-mana. Cai ogé curcor sareng aya balong deuih. Atuh kanggo kulem	(A/E6/KU3/KC24)

No	Palaku	Watek	Cutatan	Kode Data
			sareng parabotan sanésna mah tos kumplit. Énjing geura urang tingal ka ditu. Upami kamnah, mangga linggihan”	
	Soméah		“Kumaha, Lo Mangku, meureun kageugeuleuhan ku Emang.” “Henteu, Mang. Insya Alloh teu sawios-wios. Malih bingah Emang kersa lalandong di dieu.” walonna	(A/E4/KU3/KC17)
		Tanginas	“Teu lila mangun datang jeung Bojona rurusuhan. Disangkana Kuring aya	(A/E9/KU3/KC33)

No	Palaku	Watek	Cutatan	Kode Data
			nanaon meureun.”	
7.	Suhaéni/ Kuwu	Tambelar	“Nyi Kuwu, mun aya katél urut jeung panci rada gedé nu teu dipaké rék nginjeum keru nyieun ubar jeung ngagodog leuhang. Jolang deuih keur nu mandi leuhang. Isuk rék di dieu baé nyieunna. Jeung wadah tina gedah nu aya tutupan deuih keur wadah ubar” pokna. “Aya, ké rék disadiakeun” walon Nyi Kuwu.”	(A/E4/KU3/KC18)
		Getén	“Isukna kira-kira jam 8 Nyi Kuwu	(A/E6/KU3/KC26)

No	Palaku	Watek	Cutatan	Kode Data
			datang bareng jeung Si Sudar mawa dahareun.”	
8.	Ki Atma	Peupeuleukeuk	“Isukna réngsé sasarap Ki Atma nganuhunkeun kana pamahanan Kuring, terus nyarita kieu :”Rumasa Kuring téh sok agul-agul; ngarasa jagjag waringkas sanajan geus aya umu. Leumpang masih palinceng boh ka huma boh ka leuweung tur bisa kénéh tuak-taék mapay sigay ninggur leungeun mawa kawung. Duakt deui nurun0nurunkeun lodong eusi lahang. Pangpangna	(A/E9/KU3/KC36)

No	Palaku	Watek	Cutatan	Kode Data
			<p>mahbisa ngubaran deuih nu sakapeung jadi kaagulan téh. Ayeuna ku Pangéran dicoba, teu pira ukur tisolédat.”</p>	
		Teu Itungan	<p>“Bisi kasoréan teuing,” pokna. Rék dikeupeulan teu daékeun. “Teu, kudu,” pokna singget méméh balik.</p>	(A/E4/KU3/KC18)
		Merewedeng	<p>“Hampura, Juragan lain teu butuh. Ngan tangtu ngarempak tetekon kolot nu peupeqjeuh teu meunang ménta buruh, komo duit mah dipantarang pisan. Niatna</p>	(A/E8/KU3/KC30)

No	Palaku	Watek	Cutatan	Kode Data
			ukut tutulung. Sieun cambal mun ngarempak téh”.	
9.	Sudarsim	Getol	“Atuh pikeun ngeusian waktu mun kaberañ keur teu arateul mah sok pucal-pacul di kebon dibantuan ku Si Sudar, melak rupa-rupa bibinihan kayaning roay, kacang panjang, kacang cinggir jeung jaat.”	(A/E7/KU3/KC28)
		Rapekan	“Sudar, gancang manéh ka pakuwon, saurkeun Juragan Kuwu dihaturanan kadieu, kituh. Jig,	(A/E9/KU3/KC33)

No	Palaku	Watek	Cutatan	Kode Data
			ayeuna. Tong léléda,” cékéng”.	
		Gentur	“Deuleukeun ku manéh ambéh bisa.” Pokna ka Si Sudar bari manjuran awak ku cileuhang.”	(A/E5/KU3/KC20)
10.	Nyi Karsih	Sieunan	“Teu lila ujug-ujug kadéngé Nyi Karsih ngagoak di pangkéng, “Abah, ku naon ieu orok?” Ki Atma gancang ngojéngkang.	(A/E24/KU3/KC95)
11.	Ki Hanapi	Panasaran	“Tos kitu manéhna ngomong “Ari Juragan bogoh henteu ka Si Titing?” pokna togmol. “Terus terang rada resep ku	(A/E12/KU3/KC47)

No	Palaku	Watek	Cutatan	Kode Data
			getéenna, euy.” walon Kuring.	
12.	Nyi Titing	Kesit	“katiténan deuih sangges datangna isuk-isuk barang jol téh terus ngagodog leuhang, nyieun pahinum bari ngahaneut- haneutkeun dahareun sésa sore pangirim Nyi Kuwu.”	(A/E12/KU3/KC45)
		Jujur	“Punteun kasiangan ngalereskeun heula Abah,” pokna sasadu.”	(A/E10/KU3/KC37)
		Jatmika	1“Na lain dipihukum baé, Juragan, Si Titing téh. Budakna pantes sakitu mah, bageur jeung nurut ka	(A/E12/KU3/KC46)

No	Palaku	Watek	Cutatan	Kode Data
			kolot sakanyaho mah. Kuring apal ti budakna kénéh jeung wanoh pisan ka kolotna” ceuk Ki Hanapi.”	
13.	Ahmad	Handap asor	“Karunyaean meureun ningali kuring kaweur teu puguh polah ngungkulon awak arateul deui. Kuring dianterukeun ku Ahmad, si cikal. Nu harita mawa mobil”	(A/E23/KU3/KC90)
14.	Mang Dastam	Rikat	“Jol datang Ki Dastam haruhah- haréhoh, bungaheun pisan ningali kuring geus nyampak. “Tadina kuring rék ka Pa Kuwu rérapot,	(A/E24/KU3/KC92)

No	Palaku	Watek	Cutatan	Kode Data
			<p>kabeneran aya Juragan. Kieu, tadi subuh-subuh Si Iting labuh di cai.ngajehjer teu inget-inget.</p> <p>Untung aya nu néangan. Ayena keur ditarulungan ku saréréa. Malah geus ngala paraji sagala.”</p>	
15.	Ema	Bageur	<p>“Saur Ema, “Tuh, adi Aam,” bari nuduhkeun ku angkeutna. Kuring kaluar ti tepas mapag nu anyar datang.”</p>	(A/E1/KU3/KC5)

Ngumpulkeun Data Struktur Carita Latar

Latar Tempat

No	Latar Tempat	Kode Data	Cutatan
1.	Padahérang	(A/LT/E1/KU4/KC5)	“Dua taun katukang ngimpi téh. Di dituna keur duaan ditepas jeung Ema. Di bumi Ema baréto di Padahérang. Kuring gé rarasaan keur ngora kénéh.”
2.	Di Imah	(A/LT/E1/KU4/KC6)	“Dua bulan ka tukang basa kuring keur nyorangan di Imah, bojo jeung barudak harita keur kaluar, jol Ceu Omih nganjang.”
		(A/LT/E5/KU4/KC21)	“Sadatang-datang ka imah terus disalin, Ki Mangun ngajak saréréa ka Balé.”
		(A/LT/E14/KU4/KC21)	“Mending dagoan di imah baé” cenah bari ngasongkeun botol.”
3.	Di Cijamblang	(A/LT/E1/KU4/KC7)	“Ih, lain kitu. Kieu, Aam inget baréto basa Bapa lalanding di Cijamblang di

No	Latar Tempat	Kode Data	Cutatan
			Bumina Kang Mangku jeung Téh Één?” pokna.
		(A/LT/E4/KU4/KC17)	“Sanggeus datang ka Cijamblang, isukna ditepungkeun jeung nu rék ngubaran. Ki Atma ngaranna. Umurna kolotan ti Kuring saeutik.
		(A/LT/E20/KU4/KC77)	“Buburu Kuring nyarita, “tuh kitu geuning, Ki Atma. Enya, Nyi Titing, kitu baáe ceuk Bapa mah. Di Cijamblang opat poé, di dieu tilu poé. Kajaba mun Bapa aya perlu rék diala masingkeur di dieu ogé.”.
4.	Di Pamoyanan	(A/LT/E1/KU4/KC7)	“Enya, kabeneran loba urang ditu nu rék balik tos dagang jeung nu tos balanja ti pasar Pamoyanan. Euceu milu di jalan.”
		(A/LT/E8/KU4/KC31)	“Henteu ukur misalah lebah siku jeng pigeulangan

No	Latar Tempat	Kode Data	Cutatan
			nyéngsol. Dibebener jeung ditambaan baé ku sorangan. Ayeuna gé bareuh kénéh can bisa dipaké gawé.” Walonna. Disina tatamba ka klinik Pamoyanan teu daékun.”
		(A/LT/E8/KU4/KC34)	“Ki Atma montong diantep kasakit téh. Parna katénjo n amah. Ayeuna pisan meungpeung isuk-isuk indit ka Klinik di Pamoyanan. Kabeneran poé ieu aya dokter sumping.” Pokna”
		(A/LT/E14/KU4/KC52)	“Némbé Abah mios ka Pamoyanan badé diparios deui ka klinik.” walonna, “tadina abdi hoyong ngiring nganteurkeun, tapi di caram ku Abah.”
5.	Imah Panggung Leutik Camperenik	(A/LT/E1/KU4/KC7)	“Kuring gé inget kénéh salila lalandong sataun leuwih di ”ditu Bapa

No	Latar Tempat	Kode Data	Cutatan
		(A/LT/E6/KU4/KC25)	ngeusian bumi paniisan kagungan Kang Mangku di léngkob tetelar. Imah panggung leutik Camperenik plung-plong ka mamana, curcor cai jeung aya balong rada lega.”
			“Isukna saréréa ka ditu. Bener baé barang jol ujug-ujug bogoh nénjo imah panggung leutik camperenik, cur-cor cai, aya balong, kebon sayur ngémploh héjo, hawa seger tur plung-plong ka mamana.”
6.	Di Jamban	(A/LT/E5/KU4/KC20)	“Sanggeus sagalana bérés Kuring dibawa ka cai di tukangeun dapur. Cileuhang panas nu warnana semu hideung wulung diwadahan kana émbér dibawa ku Si Sudar”
7.	Di Balé	(A/LT/E4/KU4/KC21)	“Ki Mangun ngajak saréréa ka balé malang. Horéng di

No	Latar Tempat	Kode Data	Cutatan
			dinya geus ngabarak dahareun keur sasrap. Saréréa ngariung, kaasup Ki Atma”
8.	Di Kebon	(A/LT/E8/KU4/KC30)	“Tos kitu nyieun pahinum, bahan-bahanna mah ngagegeba di kebon tinggal ngala. Si Sudar nu sok diuntuh-étahna.
		(A/LT/E8/KU4/KC31)	“Hampura, Juragan, teu ngabéjaan. Cilaka puguh kuring téh. Tisolédat di kebon, leungeun tidikes. Bareuh” pokna.”
9.	Di Pakarangan Imah	(A/LT/E12/KU4/KC46)	“Katénjo manéhna keur sasapu di pakarangan. Ki Lebé ngaharéwos “naha lain dipihukum baé, Juragan, Si Titing téh. Budakna pantes sakitu mah, bageur jeung nurutka kolot sakanyahi mah. Kuring mah apal ti budakna kénéh jeung wani pisan ka kolotna”.

No	Latar Tempat	Kode Data	Cutatan
		(A/LT/E17/KU4/KC68)	“Di pakarangan imahna, Ki Atma nangtung ajeg saged make baju sarwa hideung diiket warna wulung nyorén bedog, dibarengan ku nu tadi mapag pikeun ngalaksanakeun acara “ngahiap”
10.	Pakuwon	(A/LT/E9/KU4/KC33)	“Sudar, gancang manéh ka pakuwon, saurkeun Juragan Kuwu dihaturanan kadieu, kituh. Jig, ayeuna. Tong léléda,” cékéng”.
11.	Cijambé	(A/LT/E17/KU4/KC67)	“Bring saréréa indit sirib nikreuh ka Pasir Cijambe, lemburna Ki Atma di suku Gunung Kendeng.”
12.	Kamar	(A/LT/E19/KU4/KC74)	“Basa Kuring asup ka kamar nu dicangan ku cempor, kasampak manéhna keur sidéngdang dina ranjang disépréan bodas ngarumbay nutupan kolong dipan.”

Ngumpulkeun Data Struktur Carita Latar

Latar Waktu

No	Latar Waktu	Kode Data	Cutatan
1.	Subuh	(A/LW/E1/KU4/KC12)	“Méméh ka cai ngarérét heula jam nu ngadaplok dina témbok luhur pangsolatan. Jam 02.10 janari leutik. Jam téh boga dua.”
		(A/LW/E13/KU4/KC49)	“Hiji peuting kira-kira janari leutik lilir ngadéngé sora nu kokocopokan di balong. Na hate “moal salah séro maling lauk”.
		(A/LW/E22/KU4/KC86)	“Entong subuh-subuh, poék. Biasa baé rada beurang. Keun dianteru ku Si Sudar,” ceuk Kuring.
2.	Isuk-isuk	(A/LW/E5/KU4/KC19)	“Isuk-isuk pisan Ki Atma datang deui, rébo ku babawaan. Nyoléndang koja eusina bubungkusan, nanggung bésék leutik dieusi dangdaunan sabebed, jeung

No	Latar Waktu	Kode Data	Cutatan
			lulumpang leutik tina kai, haluna guwang-gawing. Datang-datang brak diguar.”
		(A/LW/E6/KU4/KC26)	“Isukna kira-kira jam 8 Nyi Kuwu datang bareng jeung Érawan, Si Sudar, jeung réncang nu mawa dahareun. Teu lila Ki Atma ogé datang mawa pileuhangeun jeung pahinum.”
		(A/LW/E9/KU4/KC34)	“Ayeuna pisan meungpeung isuk-isuk indit ka Balé Klinik di Pamoyanan. Kabeneran poé ieu aya dokter sumping”
		(A/LW/E12/KU4/KC45)	“Sok rada isuk-isuk ayeuna mah datang téh, cenah ménta pangnyieunkeun hawu hiji deui ka pamanna.”
3.	Beurang	(A/LW/E10/KU4/KC37)	“Punten kasiangan ngelereskeun heula Abah,” pokna sasadu.”

No	Latar Waktu	Kode Data	Cutatan
		(A/LW/E16/KU4/KC63)	“Pabeubeurang réngsé mandi tos dibalur, nitah Si Sudar ngageroan Ki Kuwu jeung Bojona”
		(A/LW/E20/KU4/KC77)	“Bada lohor Kuring mulang ka Cijamblang dipapagkeun ku Ki Kuwu, Lebé Hanapi, jurutulis jeung duaan ponggawa désa nu bakal mawa babawaan.”
4.	Soré	(A/LW/E19/KU4/KC73)	“Pasosoré bada asar Ki Kuwu jeung rombonganana marulang ka Cijamblang sanggeus disuguhan llawuh jeung dibekelan rupa-rupa kadaharan ti pribumi.”
5.	Peuting	(A/LW/E9/KU4/KC35)	“Liwat isa daratangna téh. Ki Atma leungeunna ti siku nepi ka pigeulangan dibungkus gips tanggeuy maké lamak bodas,

No	Latar Waktu	Kode Data	Cutatan
			dicangreudkeun kana taktak ngaliwatan beuheung.”
		(A/LW/E16/KU4/KC63)	“Peuting éta nu pangheulana dibéjaan téh batur sauimah, Si Sudar. Manéhna atoheun cenah aya”euceu” mah bakal aya nu mantuan popolah. Dasar budak.”
		(A/LW/E22/KU4/KC85)	“Nincak tilu bulan sabada dirapalan, hiji peuting basa Nyi Titing keur aya di Kuring, sabada pépés késang, manéhna ngaharéwos bari imut.”
		(A/LW/E22/KU4/KC86)	“Hiji waktu mah peuting-peuting aya titahan Ki Kuwu ngabéjaan aya anak Kuring datang tadi méméh magrib.”

Ngumpulkeun Data Struktur Carita Latar

Latar Sosial

No	Latar Sosial	Kode Data	Cutatan
1.	Sok Ruang-riung (tengah ka handap)	(A/LS/E6/KU4/KC26)	“Kadaharan sabrakeun mah geus ngabarak di patengahan tutupna tina anyaman hoé. Bada asar sanggeus rérés terus saréréa dahar ngariung itung-itung sukuran pindah imah. Kuring kapeto nu ngadungana. Peuting éta Dédéh maturan di imah paniisan. Si Sudar mah dibawa balik ku Nyi Kuwu, “Badé dipapatahan” cenah.”
2.	Jalan dina jaman 2000-an (lembur)	(A/LS/E22/KU4/KC91)	“Ngan bisa nepi ka Pamoyanan mobil téh. Ka Cijamblang mah pamohalan lantaran harita jalanna ukur jalan ronda tur rada rumpil, can bisa dipaké jalan mobil.”

Ngumpulkeun Data Sarana Carita

Jejer/ Judul

No	Cutatan	Kode Data
1.	<p>“Gusti Nu Maha Agung. Sihoréng runtuyan kajadian ti mimiti karasa arateul nepi ka tujuhna bojo di Cijamblang nu lilana tilu taun ukur lumangsung antara "nong" kadua jeung "nong" katilu sora jam di tengah imah. Ukur sawatara detik di Alam Dzikrullah mah. Di alam ditu mah kuring jadi Bapa. Atawa Bapa jadi kuring kituh? Atawa Bapa téh kuring, ari kuring téh Bapa? Naha Bapa nu awor jeung kuring atawa kuring awor jeung Bapa? Absur.”</p>	(A/E26/KU5/KC102)

Ngumpulkeun Data Sarana Carita

Puseur Implengan

No	Puseur Implengan	Kode Data	Cutatan
	Jalma Kahiji	(A/E3/KU6/KC12)	“Kuring buburu nutup dikir ku muji “alhamdulillaj” terus ngarampa beungeut, beuheung, jeung ramo. Enya karasa panas, tapi galingging panas-tiris ieu

No	Puseur Implengan	Kode Data	Cutatan
			mah ukur panas ti biasa, teu dibarengan ku tingsariak awak.”
		(A/E9/KU6/KC33)	“Kumaha ieu téh mimitina,” Kuring nanya reuwas “tadina mah lantaran geus ngarasa rada cageur rék nyobanyoba dipaké meulahan kai pisuluheun kamari sore.”
		(A/E21/KU6/KC81)	“Kuring aya nu sagemblengna ngrus, manéhna ogé ngarasaéun aya nu mikanyaah. Imah asa leuwih asri jeung haneuteun lantaran aya batur ngobrol unggal waktu”
		(A/E24/KU6/KC95)	“Jajantung Kuring asa didudut. Ngan sakecap nu bisa ngébréhkeun tagiwurna haté : Kiamat!”

Ngumpulkeun Data Sarana Carita

Gaya Basa

No	Gaya Basa	Kode Data	Cutatan
1.	Rarahulan	(A/E24/U7/KC95)	“Ju...ju...juragan, geu....geuning Si Utun ogé... ma...ma..maot...

No	Gaya Basa	Kode Data	Cutatan
			patutur...tutur...jeung indungna,” pokna pegat-pegat bari nginghal. Jajantung Kuring asa didudut. Ngan sakecap nu bisa ngébréhkeun tagiwurna haté: Kiamat!.
		(A/E26/U7/KC102- 103)	“Piraku ngalenyap sawatara detik bisa ngawengku rupa- rupa pangalaman nu lilana tilu taun campleng.”.
2.	Kadalon	(A/E1/U7/KC5)	“Saur Ema, “Tuh, adi Aam,” bari nuduhkeun ku angkeutna.”
		(A/E1/U7/KC5)	“Ngarérét kana jam nu ngadaplok na témbok”
		(A/E6/U7/KC25)	“Di jerona aya kamar, lomari leutik, peti, angel dua jeung guguling luhureun Kasur dispréan digelar di handap,”
		(A/E7/U7/KC28)	“Atuh pikeun ngeusian waktu mun kabeneran keur teu arateul mah sok pucal-pacul di kebon dibantuan ku Si Sudar,”

No	Gaya Basa	Kode Data	Cutatan
		(A/E17/U7/KC67)	“Bring saréréa indit sirib nikreuh ka Pasir Cijambé, lemburna Ki Atma di suku Gunung Kendeng,”
3.	Rautan	(A/E1/U7/KC7)	“Ludeungan. Apan rada di gunung Cijamblang mah, jauh ti Pamoyanan ogé.”
		(A/E5/U7/KC23)	“Nu Kawasa nu nyageurkeunana mah, Juragan. Teu wasa Kuring mah. Ukur milu ngihtiaran sakumaha papatah kolot,” pokna daria.”
4.	Mijalma	(A/E6/U7/KC25)	“Isukna saréréa ka ditu. Bener baé barang jol ujug-ujug bogoh néndo imah panggung leutik camperenik,..”
		(A/E13/U7/KC51)	“Omongan jalma ieuh ceuk babasan mah leuwih harus batan goong,.”

No	Gaya Basa	Kode Data	Cutatan
5.	Ngumpamakeun	(A/E12/U7/KC47)	“Hideung Santen kulitna téh kawas ilahar pakulitan mojang-mojang urang lembur, ngan katénjona asa leuwih m ulus teu témbong aya tapak-tapak céda.”
6.	Silib	(A/E11/U7/KC43)	“Ayeuna mah cuang neukteuk leukeur, meulah jantung nyacag mayang, neukteuk méré anggeus,”.

Lampiran 2 : Ngumpulkeun data Absurditas dina novél *Absur* karya H. D.

Bastaman

No	Absurditas	Kapanggih dina Kaca	Cutatan
1.	Ngasingkeun diri	(<i>Absur</i> , kc.11)	“Da enya atuh kuring sorangan cangcaya kana bener henteuna impian sorangan, kawuwuh keterangan ti Ceu Omih ogé apan geus lila pisan kajadianana.”
		(<i>Absur</i> , kc.49)	“Rumasa umur geus tengah tuwuh, reuau anak jeung boga incu. Dina enyana gé mihukum hayang dumasar niat beresih, embung katumpangan napsu birahi duméh kagémbang ku Mojang ngora jeung jenggléngan lahiriahna.”
		(<i>Absur</i> , kc.101)	“Keur kitu ujug-ujug leng lieur. Rarasaan tepas jeung imah asa muter. Mimitina lalaunan, lila-lila beuki gancang.”
		(<i>Absur</i> , kc.102)	“Gusti Nu Maha Agung. Sihoréng runtuyan kajadian ti mimiti karasa arateul nepi ka tujuhna bojo di Cijamblang nu

No	Absurditas	Kapanggih dina Kaca	Cutatan
			lilana tilu taun ukur kumangsung antara “nong” jeung “nong” katilu sora jam di tengah imah”
2.	Ma’na kahirupan	(<i>Absur</i> , kc. 5)	“Sukur, Jang, datang.”ceuk kuring ngabagéankeun. Tuda teu nyaho saha ngaranna. Manéhna nyolongkrong rengkuh munjungan bari nyieum leungeun”
		(<i>Absur</i> , kc.9)	“Apan unggal poé sok dikintunan ku téh Één. Jaba aya si Darsim purah ngaliwet jeung ngahaneut- haneutkeun mah. Atuh mun hayang beuleum lauk tinggal nguseup”
		(<i>Absur</i> , kc.63)	“Peuting éta nu pangheulana dibéjaan téh batur saimah, Si Sudar. Manéhna atoheun cenah aya “euceu” mah bakal aya nu mantuan popolah.”
		(<i>Absur</i> , kc.75)	“Tong sieun-sieun, Nyai. Da moal maksaa Bapa

No	Absurditas	Kapanggih dina Kaca	Cutatan
			mah,” ceuk Kuring ngaharéwos nyombo. “sanéhs sieun. Bagja,” walonna sarua ngaharéwos dareuda.”
3.	Pati	(Absur, kc.95)	“Ju...ju...juragan, geu...geuning Si Utun ogé ma...ma...maot... patutur...tutur... jeung indungna,” pokna pegat-pegat bari nginghak.Jajantung kuring asa didudut. Ngan sakecap nu bisa ngébréhkeun tagiwurna haté: Kiamat!
4.	Harepan	(Absur, kc. 27)	“Kitu baé sapopoé. Dileuhang, nginum jajamu, sasarap, dibalur ubar, moyan.”
		(Absur, kc. 94)	“kuring nepakan beungeut bojo lalaunan bari ngaharéwos “Nyai, geura éling, ieu Bapa” ceuk kuring sababaraha kali bari ngusapan buukna”

No	Absurditas	Kapanggih dina Kaca	Cutatan
		(<i>Absur</i> , kc. 51)	“Nyinglarna panghadé-hadéna taya lian Nyi Tititng kudu dipihukum sangkan teu nimbulkeun pitenah nu pohara. Mугамуга баे будакна puruneun jeung kolotna ngidinan.”
5.	Baruntak	(<i>Absur</i> , kc. 17)	“Sanggeus datang ka Cijamblang, isukna ditepungkeun jeung nu rék ngubaran. Ki Atma ngaranna. Umurna kolotan ti kuring saeutik”
		(<i>Absur</i> , kc.29)	“Pagétop mah rék mimitian dirancét”. Leuhang jeung ubarna tetep” “pahinumna?” kuring nanya.””dirobah,” walonna, “nyaéta godogan sambiloto, daun janur, tangkal cécédét, sembung jueng ganbir sabeulah.”
		(<i>Absur</i> , kc.6)	“Bakat ku panasaran, pangpangna mah bisi enya kungsi boga adi, basa

No	Absurditas	Kapanggih dina Kaca	Cutatan
			<p>tepung jeung Ceu Énah, lanceuk awéwé panggedéna, didongéngkeun impian téh. Ditanyakeun deuih naha baréto Bapa jeung Ema kagungan putra deui sanggeus Kuring atawa Ema kungsi kaluron sabada Kuring dijurukeun.”</p>

Lampiran 3 : Ngolah Data Novél *Absur*

Struktur Carita

1) Téma

Kode Data : (A/E1/KU1/KC5)

Téma : Ngimpi panggih jeung adi, padahal budak bungsu

Sempalan :

“.....Saur Ema, "Tuh, adi Aam," bari nuduhkeun ku angkeutna. Kuring kaluar ti tepas mapag nu anyar datang."Sukur, Jang, datang," ceuk kuring ngabagéakeun. Tuda teu nyaho saha ngaranna. Manéhna nyolongkrong rengkuh munjungan bari nyium leungeun."Kang," cenah sakitu-kituna. Ku kuring dirangkul. Pohara sonona.”

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa bubuka carita, nu ningalikeun kajadian awal ngimpi anu dialaman ku Aam tuluy néangan bebeneran pikeun ngimpi éta kucara nanyakeun ka lanceukna,

Kode data : (A/E1/KU1/KC6)

Téma : Ngimpi panggih jeung adi, padahal budak bungsu

Sempalan :

“.....Ditanyakeun deuih naha baréto Bapa jeung Ema kagungan putra deui sanggeus kuring atawa Ema kungsi kaluron sabada kuring dijurukeun."Sakanyaho Euceu mah teu kagunganeun. Asa teu ngadéngé deuih Ema kungsi kaluron sanggeus Aam aya. Aam mah bungsu... bungsu bangséot," pokna bari seuri.”

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa kajadian Aam nu néangan bebeneran pikeun ngimpi éta kucara nanyakeun ka lanceukna, naha Ema jeung Bapa kungsi kaluron sabada Aam dilahirkeun.

Kode data : (A/E1/KU1/KC7)

Téma : Ngimpi panggih jeung adi, padahal budak bungsu

Sempalan :

“.....Ih, lain kitu. Kieu, Aam inget baréto basa Bapa Lalandong di Cijamblang di bumina Kang Mangku jeung Téh Éen?” pokna.

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa jawaban ti Ceu Enah (lanceukna Aam) yén Aam mangrupa budak bungsung. Sanggeus éta Ceu Enah malik nanya ka Aam ngeunaan baheula Bapa Laladong di Cijamblang. Ieu méré rasa kapanasaran anu anyar Aam pikeun néangan bebeneran ngeunaan ngimpi nu dialaman ku Aam. Tuluy lanceukna carita ngeunaan Bapa di Cijamblang

Kode data : (A/E2/KU1/KC9)

Téma : Néangan bebeneran ngimpi dua taun ka tukang.

Sempalan : “Isukna, Euceu dianteur ku Kang Mangku jeung Téh Récn ka Bapa, diiring ku réncang nu mawa bebekelan jeung tuangeun haturan Bapa,” Ceu Omih neruskeun caritana ngagareuwahkeun kuring nu anteng ngalamun nginget-ningget kaayaan Bapa basa di Cijamblang.

Analisis : Sempalan di luhur mangrupa salah sahiji conto, nu dicaritakeun ku lanceukna Aam ngeunaan Bapana di Cijamblang, sarta aya ogé anu liana.

Kode data : (A/E2/KU1/KC11)

Téma : Néangan bebeneran ngimpi dua taun ka tukang.

Sempalan :

“Geus tong diréka-réka bisi su'udon ka kolot. Jeung tong cacarita ka sasaha. Hanjakal dicaritakeun,” pokna bangun handeueul. Kuring nyenghél.”

Analisis :

sempalan di luhur mangrupa carita ngeunaan Bapa anu ngamunculkeun konflik pikeun Aam nu mana ngarasa cangcaya kana ngimpina sarta teu percaya kana kajadian-kajadian nu dialaman ku lanceukna di Cijamblang.

Kode data : (A/E3/KU1/KC12)

Téma : Panyakit arateul nu datang sabada solat tahajud

Sempalan :

“Réngsé ”ngahampangan awak” terus wudu. Saged disarung makć baju kamprét dikopćah. Crot-crot parfum 4711 tamba bau teuing nu tacan mandi. Cong solat sunat wudu jeung solat sunat tobat disambung solat tahajud. Sanggeus kitu ngadunga sakeudeung neda panangtayungan Mantenna pikeun diri sorangan jeung kulawarga”

Analisis :

Seempalan di luhur, mangrupa kajadian hudang ti peuting tuluy ka cai, ngalaksanakeun solat, dipungkas ku ngadu'a pikeun sorangan jeung kulawagara.

Kode data : (A/E3/KU1/KC14)

Téma : Panyakit arateul nu datang sabada solat tahajud

Sempalan :

"Gimpa henteu?" kuring nanya ka bojo. "Henteu. Ukur bareureum tilas ngagaro meureun. Mun kaligata atawa ku hileud mah sok gimpa. Komo ku rarawéa mah ngagareblég bareuh," walonna."

Analisis :

Sempalan di luhur tokoh kuring, nanya jeung mastikeun kunaon panyakit ateulna bisa aya, bisina ku hileud atawa kaligata. Sabab teu apal sababna pikeun ngurangan rasa ateul dibalur ku kayu putih jeung disalin.

Kode data : (A/E4/KU1/KC16)

Téma : Néangan ubar pikeun panyakit arateul

Sempalan :

"Ki Mangku neruskeun lacak bapana, Mangkudisastra, nu saméméhna jadi kuwu di dinya. Malah akina mah, Mangkudidjaja, kuwu Cijamblang munggaran. Ti manéhna meunang béja cenah di Cijamblang aya nu bisa ngubaran rupa-rupa panyakit"

Analisis :

Dina sempalan di luhur tokoh kuring meunang béja yén aya urang nu bisa ngubaran panyakitna lantaran sanggeus ka klinik, nyobaan ubar tradisional teu cageur kénéh waé.

Kode data : (A/E4/KU1/KC17)

Téma : Néangan ubar pikeun panyakit arateul

Sempalan :

“Geus rada lila kawasna mah, nya?” manéhna nanya.

“Enya. Geus bék taun kadua...,” walon kuring.

“Kudu leukeun ngubaranana. Rada lila kawasna mah kana cageur, Juragan. Ngubaranana kieu. Salila sabulan unggal isuk mandi kudu maké leuhang. Terus pallinum sanggeus mumuluk jeung mcmh saré. Ti dinya karék dibalur ubar.”

Analisis :

sempalan di luhur mangrupa kajadian panggihna kuring jeung Ki Atma, terus ngubaran sakalian ngobrol ngeunaan panyakit anu nyampak jeung geus sabaraha lila panyakit ateul dirandapan téh.

Kode data : (A/E5/KU1/KC19)

Téma : Diajar nyieun ubar jeung Ki Atma

Sempalan :

“leu keur leuhang,” pokna bari némbongkeun rupa-rupa dangdaunan kayaning daun hanjuang, daun peuteuy sélong, daun jeruk purut, pandan, janur kalapa, tangkal cécéndét katut daun-daunna, tangkal séréh, daun kunyit, jeruk tilu rupa, sajeungkal tangkal honjé jeung papagan.”

Analisis :

Sempalan di luhur ningalikeun kumaha datangna Ki Atma bari barang bawa bahan pikeun ubar tuluy dipilah-pilah sabab lain saukur pikeun leuhang tapi pikeun nyieun pahinuman ubar, sempalanna ieu di handap.

Kode data : (A/E5/KU1/KC19)

Téma : Diajar nyieun ubar jeung Ki Atma

Sempalan :

"leu mah keur ubarna. Bawang bodas, jahé, jeung gula, tambahan jeruk mipis deuih dibebek kabâh sing galo. Caian tilu cacangkir terus taheurkeun nepi ka kimpel. Pahinum mah isuk baâ can manggih kabâh pibahaneunana," pokna nerangkeun."

Analisis :

sempalan di luhur pangrupa cara nyieun pahinum anu diajarkeun ku Ki Atma sanggeus ngajarkeun nyieun cileuhang.

Kode data :(A/E5/KU1/KC20)

Téma : Diajar nyieun ubar jeung Ki Atma

Sempalan :

"Deuleukeun ku manéh ambéh bisa, "pokna ka Si Sudar bari manjuran awak ku cileuhang."

Analisis :

Dina sempalan diluhur, Ki Atman maréntahkeun ka Si Sudar sangkan merhatikeun sing taliti sangkan manéhna bisa nyieun jeung bisa ngaleuhang.

Kode data : (A/E9/KU1/KC33)

Téma : Ki Atma tukang ngubaran, diubaran

Sempalan :

“Tadina mah lantaran geus ngarasa rada cageur rék nyoba-nyoba dipaké meulahan kai pisuluhun kamari pasosoré. Na atuh karék gé dua heumbatan, ari jelengak téh leungeun karasa deui méh teu bisa diobahkeun, bleng bareuh.”

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa waleran Ki Atma nu ditanya, kunaon leungeunna bisa bareuh, medar ti awal nepi ka bisa kajadian.

Kode data : (A/E9/KU1/KC33)

Téma : Ki Atma tukang ngubaran, diubaran

Sempalan :

“Ah embung, Ki Kuwu, jauh. Jaba sorangan mah teu nyaho kudu kumaha kumahana,” ceuk Ki Atma.

“Moal dibikeun nyorangan. Dianteur ku jurutulis jeung ponggawa désa mawa surat ti kuring keur Juragan Camat jeung kuwu Pamoyanan,” ceuk Mangun tandes. Atuh daék teu daék”

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa sikep nolak nu ditingalikeun ku Ki Atma, saakan dibawa ka klinik di Pamoyanan. Tapi ahirna mah daék teu daék kudu indit malahan dianteur ku ponggawa désa.

Kode data : (A/E11/KU1/KC42)

Téma : Kulawarga Nyi Titing nu kurang harmonis

Sempalan :

"Keun ku abdi disuluran ngaladangan mah. Euceu mah sing jongjon-jongjon baé ngurus Akang sanggemna," ceuk Nyi Titing basa ngobrolkeun lalakonna, "Tapi nya kitu, Bapa, kawitna mah leres, lami-lami gula nu sakitu seueurna beuki celong ari artos teu lebet. Paribasa loba nu nganjuk."

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa obrolan jeung adi ti salakina, nu daék mantuan dagang tapi ahirna mah teu bener.

Kode data : (A/E11/KU1/KC41)

Téma : Kulawarga Nyi Titing nu kurang harmonis

Sempalan :

"Méh lima taun imah-imahan the bari jeung bisa nyieun imah sagala iwal can baé boga budak. Atuh beuki dibendéng ku mitoha nu saméméhna ogé geus kaciri teu pati resepeun ka minantu."

Analisis :

Dina sempalan di luhur bisa katitén, mitoha Nyi Titing nu teu resep ka manéhna lantaran geus lima taun nikah tapi can kungsi boga budak. Di dieu Nyi Titing disebut awéwé gabug.

Kode data : (A/E11/KU1/KC42-43)

Téma : Kulawarga Nyi Titing nu kurang harmonis

Sempalan :

“Salami tutunggin, abdi digekendut ku Abah sangkan tong karooh ku warisan salaki. Nu ngaran warisan mah sok *mahala mahayu*”

Analisis :

Ieu mangrupa peupeujeuh ti Bapana (Ki Atma) pikeun nyingharepan pasualan kulawarga hususna masalah ngeunaan warisan.

Kode data : (A/E13/KU1/KC49)

Téma : Omongan Ki Hanapi nu jadi pikiran

Sempalan :

“Na lain dipihukum baé, Juragan, Si Titing téh. Budakna pantes sakitu mah, bageur jeung nurut ka kolot sakanyaho mah.”

“sabenerna mah rada kapikiran éta ogé” walon kuring sanggeus ngahuleng sakeudeeung.”

Analisis :

Ieu mangrupa sempalan obrolan nu jadi pamikiran Kuring jeung Ki Hanapi ngeunaan Si Titing. Dina obrolan ieu Kuring ngarasa bingung kénéh kumaha alusna pikeun nyingharepan ieu pasualan.

Kode data : (A/E13/KU1/KC50)

Téma : Omongan Ki Hanapi nu jadi pikiran

Sempalan :

“Basa keur ngadunga ujug-ujug kolépat baé dina pikiran aya dua kalimah nyerep nyaéta “mulang tarima” jeung “nyinglar pitenah”. Enya, éta hakékatna mah taya lian “misukur” jeung “pertobat”

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa hiji pamikiran nu ngaliwat sabada solat, titingalian pa nyakit Kuring bakal picageureun. Mulang tarima di dieu lantaran Ki Atma geus ngubaran kuring sakumaha geringna tapi tara daékeun dibéré duit, tuluy nyinglar pitenah di dieu mangrupa sikep nu Kuring cokot lantaran sok remen paduduaan di imah ngarancét, untung teu kausap sétan.

Kode data : (A/E12/KU1/KC47)

Téma : Niatan mihukum Nyi Titing, padahal boga Bojo

Sempalan :

“Eweuh dina kitabna rék nyandung kudu bébéja heula ka pamajikan mah. Pék ungkab geura,” pokna megat kalimah.”

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa bongbolong nu dibéré Ki Hanapi pikeun paniatan kuring mihukum Nyi Titing, anu nitah nyandung waé teu kudu bébéja ka bojo.

Kode data : (A/E15/KU1/KC59)

Téma : Niatan mihukum Nyi Titing, padahal boga Bojo

Sempalan :

“Kieu, Ki Atma.... Kumaha mun Si Titing dipihukum ku Kuring?”ceuk kuring togmol.

Kaciri pisan manéhna ngarénjang, malah maridah. Diukna pindah nyinghareup ka Kuring bari neuteup seukeut.“Kumaha?” pokna semu nyentak“

Analisis :

Kuring dina sempalan di luhur tuluy togmol ngeunaan paniatan pikeun ngapirabi Si Titing, nu saméméhna geus ditanyakeun langsung tapi teu méré jawabanna. Antukna Kuring nanyakeun langsung waé ka Ki Atma salaku Bapana.

Kode data : (A/E15/KU1/KC61-62)

Téma : Niatan mihukum Nyi Titing, padahal boga Bojo

Sempalan :

"Kieu, Iting," ceuk bapana, "tadi Abah nyarita rada lila jeung Juragan. Tangtu manéh ogé geus bisa ngabadé naon nu dicaritakeun. Tapi ambéh leuwih jéntré rék ditepikeun deui ka manéh naon nu dipadungdengkeun ku Abah jeung inyana. Reungeukeun sing bener. Kieu cindekna mah. Juragan téh rék mileuleuheungkeun manéh. Rék dipirabi cindekna mah. Ari Abah mah teu rék ngajurung teu rék nyaram, da lain nu ngabadanan. Manéh nu rék ngabadanan mah, lain Abah. Ayeuna Abah rék nanya raga katineung manéh. Kumaha manéh purun?" Teu ngajawab anggur beuki tungkul rada lila, barang cengkat kaciri rambisak.

"Teu lila, Nyi Iting tanggah, terus bari dumareuda ngomong, "Iting mah kumaha ceuk Abah baé."

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa jawaban tina kapanasaran Kuring, Ki Atma tuluy ngageroan Si Titing, teu lila datang langsung togmol baé nanyakeun kumaha jawaban manéhna tina patalékan Kuring ka manéhna baréto nu antukna ngahasilkeun hiji jawaban.

Kode data : (A/E16/KU1/KC64)

Téma : Sarat-sarat nikah nu can pasti

Sempalan :

"Dicaritakeun ogé perkara hayang nyieun kahadéan ka nu ngubaran nu salila ieu ampir tara ieuh ménta panarima. Ki Kuwu kawasna mah ngartieun pertimbangan kuring, ngan bojona baé nu katingal ngaheruk. "Abdi mah paur nadah benduna Bibi baé, Mangi da tangtos moal ka saha deui neumbleuhkeunana lintang ka abdi" pokna.

"Perkara éta mah, Nyi Kuwu, tong dipaké hariwang. Keun Emang nu mananggungna. Malah Emang sorangan nu râk balaka ka Bibi dina waktu nu mustari. Muga-muga bad Bibi ngartieun"

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa salah sahiji obrolan Kuring jeung Ki Kuwu, ngeunaan ngapirobi anakna Ki Atma, Ki Kuwu awalna aya rasa kurang satuju kana pamilihan

Kuring aya rasa kasieun ngeunaan hiji hal. Tapi sabada Badami kitu kieu hadé goréngna manéhna satuju jeung pilihan kuring.

Kode data : (A/E16/KU1/KC66)

Téma : Sarat-sarat nikah nu can pasti

Sempalan :

"Geura cuang itung. Ayeuna Senén. Senén—Senén, dalapan poé.... Salaşa Rebo dua poé. Tuh sapuluh poé ti ayeuna. Kumaha?" pokna bari melong ka kuring. Kuring ngarérét ka Ki Kuwu. Mandhna unggeuk ngisaratan satuju.

Analisis :

Sempalan di luhur mang rupa narosan kuring ka Ki Atma sangkan bisa meunangkeun poé nu cocok pikeun nikahan jeung Si Titing. dituluykeun Kuring jeung Ki Kuwu nanyaan ngeunaan sarat atawa pisarateun nu kudu dibawa? Manéhna ngan ukur ngajawab mawa iket jeung parabot tatanén"

Kode data : (A/E16/KU1/KC66)

Téma : Sarat-sarat nikah nu can pasti

Sempalan :

"Ari talari urang gunung mah, Ki Kuwu, ukur tutukeuran. Ti dieu mawa iket jeung parabot tatanén naon baé keur kuring jeung karémbong weuteuh keur Si Iting. Ti kuring malesna kitu

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa sarat anu kudu dicumponan saacan akad nikah

<p>Kode data : (A/E20/KU1/KC77)</p> <p>Téma : Masalah jual-beuli tanah di Cijamblang</p> <p>Sempalan :</p> <p>"Tungtungna Ki Atma nanya ka anakna, "Kumaha ceuk manéh, Iting? Ceuk Abah mah asa mending manéh sing gembleng aya di imah šalaki."</p> <p>"Ari Iting mah, Abah, kumaha ceuk šalaki baé" walonna bari rét ka kuring, rét deui ka bapana. Sabil manéhna gé sigana mah da duana ogé sarua kawajiban.</p> <p>Buru-buru kuring nyarita, "Tuh kitu geuning, Ki Atma. Enya, Nyi Iting, kitu baé ceuk Bapa mah. Di Cijamblang opat poé, di dieu tilu poé."</p> <p>Analisis :</p> <p>Semplan diluhur mangrupa obrolan Kuring jeung Ki Atma nu teu bisa néangan bongbolong pikeun Nyi Iting bakal tinggal dimana, antukna ditanya langsung ka Nyi Iting nu ngahasilkeun opat poé jeung Kuring di Cijamblang jeung tilu poé di imahna di Cijambé.</p>
<p>Kode data : (A/E20/KU1/KC78)</p> <p>Téma : Masalah jual-beuli tanah di Cijamblang</p> <p>Sempalan :</p> <p>"Pangaosna palih dinya mah kawilang tos awis, Mang, upami badé diical ayeuna nuju saé pisan," ceuk Ki Kuwu.</p> <p>"Leupaskeun baé. Puguh geus niat ti baréto. Panguruskeun baé sagemblengna ku Ki Kuwu. Emang mah nyaho bérés baé," ceuk kuring.</p> <p>Analisis :</p> <p>Ieu sempalan di luhur mangrupa saran jang Kuring, lantaran tanah Kuring aya nu rék meuli cenah. Kabeneran ayeuna téh harga tanah keur naék jeung alus pisan. Antukna Kuring ngaenyakeun tapi hayang di urus ku Ki Kuwu baé, Kuring mah narima bérés waé.</p>

Kode data : (A/E20/KU1/KC78-79)

Téma : Masalah jual-beuli tanah di Cijamblang

Sempalan :

"Emang mah hayang tanah nu bakal manjang ngahasilkeunana. Upamana pihumaeun, kebon kalapa atawa leuweung nu loba tangkal kawungna," walon kuring.

"Moal sesah, Mang. Malih kaleresan abdi gaduh tanah palih tonggoh aya kana dua bau mah. Taun pengker sabagian nembé dipelakan kalapa kirang langkung aya tilu ratus tangkal. Upami kamanah mah mangga digaleuh ku Emang. Atuh huma sareng pikeboneun mah teu acan lami aya urang Pasir Cijambé nu nawiskeun."

Analisis :

dina sempalan di luhur Kuring nanya ka Ki Kuwu ngeunaan tanah di Cijambé nu sakirana cocok jeung kahayang Kuring. Ki Kuwu nawarkeun rupa-rupa tanah, cenah mah di Cijambé mah loba piliheun, itung-itung meuli taneuh keur Nyi Titing.

Kode data : (A/E21/KU1/KC83)

Téma : Kurangna panghasilan tukang gula di Cijamblang

Sempalan :

"Leres pisan. Teu kaémut. Urang ngadamel koperasi baé atuh. Gulana dikempelkeun di dieu, saminggu sakali diiangkeun ka pasar Pamoyanan nganggo roda kuda. Ulah ditatanggung sapertos sasari atanapi dibajongan ku tangkulak. Sanés mung ukur gula, nanging hasil-hasil tatanén sanésna," ceuk Ki Kuwu."

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa waleran ti Ki Kuwu ngeunaan saran ti Kuring dijieuunna Koperasi di Cijamblang pikeun naékeun panghasilan masarakat nu aya di Cijamblang lantaran tukang gula ciga Ki Atma amun ngajual gula di lembur ngan meunang sakitu-kituna, bakal nambahana saumpamana dijual ka dayeuh. Ti dinya Koperasi munggaran dijieuun ngarana Tani Mukti.

Kode data : (A/E24/KU1/KC92)

Téma : Béja cilaka

Sempalan :

"Tadina kuring rék ka Pa Kuwu rék rapot, kabeneran aya juragan. Kieu. Tadi subuh-subuh Si Iting labuh di cai. Ngajehjer teu inget-inget. Untung aya nu nangénan. Ayeuna keurditarulungan ku saréréa. Malah geus ngala paraji sagala. Kawasna mah rék terus ngajuru," pokna."

Analisis : Sempalan di luhur mangrupa béja ti Ki Dastam nu méré béja yén Nyi Titing tadi subuh labu di cai. Kuring kacida reuwasna, buburu Kuring ka Cijambé teu ka Cijamblang heula, Ki Kuwu maréntakeun ka jurutulisna pikeun ka kantor ngabéjaan lebé Cijamblang tuluy ka Balé klinik pikeun mawa obat-obatan

Kode data : (A/E24/KU1/KC94)

Téma : Béja cilaka

Sempalan :

"Kedah dibantun ka rumah sakit, Mang, rupina aya pembuluh darah di Iebet nu pecah," ceuk Nyi Bidan ka kuring. Terus manéhna ka luar rék ngabéjaan Ki Kuwu sangkan tataharmawa bojo ka Pamoyanan ayeuna kénéh terus ka Banjar."

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa paréntah ti paraji nu tadina ngabantuan Nyi Titing pikeun lahiran, cenah lantaran aya pembuluh darah nu pecah jadi kudu dibawa ka rumah sakit lantaran di imah Ki Atma di Cijambé teu aya alat nu bisa ngubaran pembuluh darah anu pecah téa.

Kode data : (A/E24/KU1/KC94)

Téma : Béja cilaka

Sempalan :

“Ju...ju...juragan, geu...geuning Si Utun ogc ma...ma...maot... patutur...tutur... jeung indungna,” pokna pegat-pegat bari nginghak.Jajantung kuring asa didudut. Ngan sakecap nu bisa ngébréchkeun tagiwurna hatc: Kiamat!”

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa kajadian Ki Atma ngabéjaan Kuring nu aya di tengah imah gigireun Nyi Titing, Ki Atma ngabéjaan yén Si Utun orok nu dilahirkeun ku Nyi Titing bareng maot patutur-turur jeung indungna.

Kode data : (A/E26/KU1/KC102)

Téma : Waktu nu sakitu lilana dina implengan, ngan sababaraha detik di dunya nyata

Sempalan :

“Ukur sawatara detik di Alam Dzikrullah mah. Di alam ditu mah kuring jadi Bapa. Atawa Bapa jadi kuring kituh? Atawa Bapa téh kuring, ari kuring téh Bapa? Naha Bapa nu awor jeung kuring atawa kuring awor jeung Bapa?Absur.”

Analisis :

Sempalan di Luhur mangrupa patalékan ngeunaan kana naon nu di alam ku Aam Ramdani naha enya ngimpi atawa lamunan? Tapi nu karasa kuring ngalakonan kahirupan salila tilu taun ti awalna gering arateul nepi ka poé ka tujuh Nyi Titing. di dieu Kuring ngarasa waktu nu maju di dunya nyata mah ngan sakeudeung tapi di alam nu hiji deui geus maju kana tilu taun lilana.

2) (Fakta Carita) Galur

Kode data : (A/E1/KU2/KC.5)

Struktur Carita : Galur

Bagian : *Situation*

Cutatan :

“Dua taun ka tukang ngimpi téh. Di dituna keur duaan di tepas jeung Ema. Di bumi Ema baréto di Padahérang. Kuring gé rarasaan keur ngora kénéh pisan. Sup budak ngora kira-kira umurna 20 taun asup ka buruan. Awakna langsung ngeusi make calana blujin dikaos *T-shirt* disapatu *kéts*. Budak ngora kiwari. Tegep pisan.

Analisis :

Kajadian di luhur mangrupa awal kajadian, nu mana Aam ngalaman ngimpi panggih jeung adi padahal manéh budak bungsu.

Kode data : (A/E3/KU2/KC13)

Struktur Carita : Galur

Bagian : *Generating*

Cutatan :

“Tapi nya kitu teu lila sanggeus rerep, reng arateul. Mimitina tina suku terus mapay kana bitis, ti dinya pindah kana tonggong numbung kana dada. Ateul nu renyem téa teu émpéh ku digétré, teu cumpon ku digaro.”

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa awal pasualan nu aya dina ieu carita, nu mana palaku utama nyampak hiji panyakit nyaéta arateul anu teu cageur-cageur.

Kode data : (A/E4/KU2/KC16)

Struktur Carita : Galur

Bagian : *Generating*

Cutatan :

“Ti manéhna meunang béja téh cenah di Cijamblang aya anu bisa ngubaran rupa-rupa panyakit kaasup panyakit kulit kawas Kuring. Dikumahaan ku Ki Kuwu majar sanggeus dipeleng.”

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa pasualan nu mana geus néangan ubar kamamana tapi angger teu cageur panyakit arateulna tuluy datang Ki Kuwu ngabejaan yén di Cijamblang aya anu bisa ngubaran rupa-rupa panyakit.

Kode data : (A/E8/KU3/KC29)

Struktur Carita : Galur

Bagian : *Rising Action*

Cutatan :

Nincak bulan kadua, Ki Atma nyarita, sanggeus niténan kaayaan Kuring. “Pagéto mah rék dimimitian dirancét. Leuhang jeung ubarna mah tetep...” “pahinumna?” Kuring nanya.

“Dirobah,” walonna, “nyaéta godogan sambiloto, daun janur, tangkal cécéndét, sembung, jeung gambir sabeulah.”

Analisis :

Simpalan di luhur mangrupa kajadian panyakit anu teu cageur-cageur tuluy dicobaan ngaganti ubar sangkan bisa cageur

Kode data : (A/E11/KU2/KC41)

Struktur Carita : Galur

Bagian : *Rising Action*

Cutatan :

Ku sabab rada sering gobrol bari dirancét lila-lila mah kuring meunang gambaran ngeunaan Nyi Titing. Manéhna nunggal, teu adi teu lanceuk. Kungsi sakola nepi ka tamat Sakola Ra'yat di Cijamblang, tapi teu diteruskeun da ceuk kolotna geus cukup keur urang lembur mah.

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa kajadian tokoh kuring anu dirancét ku Nyi Titing lila-lila ngarasa katarik ati ka Nyi Titing, antukna jadi hiji pasualan.

Kode data : (A/E12/KU2.KC.47)

Struktur Carita : Galur

Bagian : *Rising Action*

Cutatan :

Tos kitu manéhna ngomong “Ari Juragan bogoh henteu ka Si Titing?” pokna togmol.

“Terus terang rada resep ku geténna, euy,” walon kuring.

“Ari bogoh mah...win-win waé tong loba pikiran,”ceuk Ki Hanapi

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa kajadian tokoh kuring anu togmol ka Ki Hanapi ngeunaan Nyi Titing anu sok ngarancét anu ngagantikeun Bapana.

Kode data : (A/E24/KU2/KC92)

Struktur Carita : Galur

Bagian : *Climax*

Cutatan :

Isuk-isuk sanggeus sasarap jeung saged rék jug pisan dianteur ku Ki Kuwu jeung ponggawa désa, jol Ki Dastam haruhah-haréhoh. Bungaheun pisan ningali kuring geus nyampak “Tadina kuring rék ka Pa Kuwu rék lapor, kabeneran aya Juragan. Kieu, tadi subuh-subuh Si Iting labuh di cai. Ngajehjer teu inget-inget. Untung aya nu nangénan. Ayeuna keur ditulungan ku saréréa. Malah geus ngala paraji sagala.”

Analisis :

Sempalan di luhur mangrupa kajadian puncak, nu mana aya béja ti Ki Dastam ngeunaan Nyi Titing anu tisolédat di cai nepi ka teu sadar-sadar.

Kode data : (A/E24/KU2/KC.95)
Struktur Carita : Galur
Bagian : <i>Climax</i>
Cutatan :
“Ju...ju...juragan, geu...geuning Si Utun ogé ma...ma...maot... patutur...tutur... jeung indungna,” pokna pegat-pegat bari nginghak.Jajantung kuring asa didudut. Ngan sakecap nu bisa ngébréhkeun tagiwurna haté: Kiamat!
Analysis :
Sempalan di luhur mangrupa kajadian puncak tina pasualan nu mana Nyi Titing maot dibarengan ku budakna anu teu lila ngilu nuturkeun indungna.
Kode data : (A/E24/KU2/KC92)
Struktur Carita : Galur
Bagian : <i>Denouement</i>
Cutatan :
Gusti Nu Maha Agung. Sihoréng runtusan kajadian ti mimiti karasa arateul nepi ka tujuhna bojo di Cijamblang nu lilanan tilu taun saukur lumangsung antara “nong” kadua jeung “nong” katilu sora jam di tengah imah. Di alam ditu mah kuring jadi Bapa. Atawa Bapa jadi kuring kitu? Atawa Bapa téh kuring, ari kuring téh Bapa? Naha Bapa nu awor jeung kuring ayawa kuring awor jeung Bapa? Absur
Analysis :
Sempalan di luhur mangrupa monolog Aam Ramdani anu ngalaman rupa-rupa kajadian saacanna, ti mimiti nyampakna panyakit arateul, tuluy néangan ubar kadiu kadieu, panggih jeung Nyi Titing, tuluy dipungkas ku maotna Nyi Titing jeung budakna. Éta kaliwat di dunya nyata ngan saukur sababaraha detik teu lila.

3) (Fakta Carita) Palaku/ Watek

Kode data : (A/E1/KU3/KC5)
Palaku/ Watek : Aam Ramdani/ Soméah
Cutatan :
“Sukur, Jang, datang,” ceuk Kuring ngabagéakeun. Pohara sono”

<p>Analisis : Data di luhur mangrupa kajadian ngimpi, adina Aam datang ka buruan imah.</p>
<p>Kode data : (A/E20/KU3/KC78) Palaku/ Watek : Aam Ramdani/ Bageur Cutatan : “Dicaritakeun éta gé ka Ki Kuwu yén Kuring hayang boga tanah di Cijamblang. Malah dibéjakeun deuih perkara Kuring hayang mulang tarima ka Ki Atma, tapi carana teu langsung, da kawangwang moal daékeun narima. Mun meuli tanah keur Nyi Titing sageuy nyarél salaki méré ka pamajikan mah. Kahartieun kawasna ku Ki Kuwu kahayang kuring kitu téh.”</p>
<p>Analisis : Data di luhur mangrupa kajadian Ki Kuwu anu datang ka imah ngabéjaan aya anu bisa ngubaran rupa-rupa panyakit di Cijamblang</p>
<p>Kode data : (A/E3/KU3/KC15) Palaku/ Watek : Aam Ramdani/ Sumanget Cutatan : “Meunang dua taun burber tatamba ka mamana taya hasilna, méh beak déngkak.”</p>
<p>Analisis : Data di luhur mangrupa sempalan ngeunaan Aam anu néangan ubar kaditukadieu tapi teu manggih ubar anu bisa ngubaran panyakit arateulna.</p>
<p>Kode data : (A/E13/KU3/KC49-50) Palaku/ Watek : Aam Ramdani/ Kritis Cutatan : “Dina enyana gé mihukum hayang dumasar niat beresih, embung katumpangan napsu birahi duméh kagébang ku Mojang ngora jeung jenggléngan lahiriahna. “Karék tilu janari solat istikhoroh téh. Basa keur ngadunga ujug-ujug kolépat baé dina pikiran aya dua kalimah nyerep nyaéta “mulang tarima” jeung “nyinglar pitenah”.”</p>

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Aam bingung pikeun néangan alesan anu pang hadéna pikeun mihukum Nyi Titing.

Kode data : (A/E15/KU3/KC59)

Palaku/ Watek : Aam Ramdani/ Wanian

Cutatan :

“Kieu, Ki Atma... Kumaha mun Si Titing dipirabi ku kuring?” ceuk Kuring togmol. Kaciri pisan manéhna ngarénjag, malah marudah.”

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian tokoh kuring anu togmol langsung ka Ki Atma, ngeunaan mihukum Nyi Titing.

Kode data : (A/E17/KU3/KC69)

Palaku/ Watek :Aam Ramdani/ Panasaran

Cutatan :

“Kuring ngaharéwos ka Ki Hanapi “Naon baé, euy, eusi paisan téh?,” cékéng.

“Rupa-rupa, Juragan, ilaharna mah pais lélé, pais hayam, pais lubang, pais suung, dagé picung, camai, jeung réa-réa deui. Ka sambel-sambel kudu dipais. Kéjona béas huma nu haraghag ditibelan. Lalawuhna ogé biasana bangsa papais, kukuluban jeung peuyeum ketan. Kabéh dibungkusan,” walonna.

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Ki Hanapi anu méré waleran pikeun pananya kuring ngeunaan paisan.

Kode data : (A/E1/KU3/KC6)

Palaku/ Watek :Ceu Énah/ Resep Ngadongéng

Cutatan :

“...basa tepung jeung Ceu Énah, lanceuk kuring awéwé panggedéna, didongéngkeun ngimpijan téh. Ditanyakeun deuih naha baréto Bapa jeung Ema kagungan putra deui sanggeus Kuring atawa Ema kungsi kaluron sabada Kuring dijurukeun.

“Sakanyaho Euceu mah teu kagunganeun. Asa teu ngadéngé deuih Ema kungsi kaluron sanggeu Aam aya.”

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Aam anu nanyakeun ngimpi nu dialamanna ka lanceukna.

Kode data : (A/E1/KU3/KC6)

Palaku/ Watek : Ceu Omih/ Resep Ngadongéng

Cutatan :

“Sangeus ngobrol perkara kulawarga séwang-séwang Ceu Omih nyarita “Mun teu salah geus rada lila Aam kungsi nyarita ngimpi boga adi téa. Jadi milu kapikiran Euceu téh bisi enya. Tapi yakin Aam teu boga adi lantaran sakanyaho mah Ema téh teu putraan deui. Jeung asa teu kungsi kaluron deuih sanggeus Aam aya,” jeup jempé sakeudeung.”

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Aam anu nanyakeun ngimpi nu dialamanna ka lanceukna anu hiji deui

Kode data : (A/E3/KU3/KC14)

Palaku/ Watek : Bojo/ Tambelar

Cutatan :

“Tong digasah baé, angguran mah buka raksukan jeung sarung bisi aya hileud bulu atawa mémérang awi” ceuk bojo.

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian nyampakna arateul, tuluy Bojo ngabéjaan ulah digasah baé.

Kode data : (A/E3/KU3/KC14)

Palaku/ Watek : Bojo/ Daria

Cutatan :

“Gimpa henteu?” Kuring nanya ka bojo

“Henteu. Ukur bareureum tilas ngagaro mereun. Mun kaligata atawa ku hileud mah sok gimpa. Komo ku rarawéa mah ngagareblég bareuh” walonna.”

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Bojo anu ngabejaan renyem dina awak kuring ukur beureum.

Kode data : (A/E4/KU3/KC16)

Palaku/ Watek : Dédéh/ Daék ungkad-ingkid

Cutatan :

Pagéto Kuring milu jeung Ki Mangku sarimbit ka Cijamblang dibarengan ku Dédéh jeung Bojo.”

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Dédé anu nganteu tokoh kuring ka Cijamblang.

Kode data : (A/E6/KU3/KC24)

Palaku/ Watek : Ki Kuwu/ Bageur

Cutatan :

“Tungtungna Ki Mangun nyarita kieu” ari Emang ngalih ka lembur Ki Atma mah abdi sareng bojo tangtos moal ngawidian. Nanging kumaha upama kieu. Abdi téh gaduh rorolpok alit paranti niis di léngkob tetelar pali kilon, raos patempatanna téh, plung-plong ka mana-mana. Cai ogé curcor sareng aya balong deuih. Atuh kanggo kulem sareng parabotan sanésna mah tos kumplit. Énjing geura urang tingal ka ditu. Upami kamnah, mangga linggihan”

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Ki Kuwu anu teu ngawidian tokoh kuring pindah ka Cijambé pikeun diubara, ngarah leuwih deukeut.

Kode data : (A/E4/KU3/KC17)

Palaku/ Watek : Ki Kuwu/ Soméh

Cutatan :

“Kumaha, Lo Mangku, meureun kageugeuleuhan ku Emang.”

“Henteu, Mang. Insya Alloh teu sawios-wios. Malih bingah Emang kersa lalandong di dieu.” Walonna

Analisis :

Data di luhur mangrupa semapalan obrolan tokoh kuring jeung Ki Kuwu ngeunaan tokoh kuring anu laladong di imahna.

Kode data : (A/E9/KU3/KC33)

Palaku/ Watek : Ki Kuwu/ Tanginas

Cutatan :

“Teu lila mangun datang jeung Bojona rurusuhan. Disangkana Kuring aya nanaon meureun.”

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Ki Kuwu jeung Bojona datang sanggeus dibéjaan ku Si Sudar ngeunaan béja ti tokoh kuring.

Kode data : (A/E4/KU3/KC18)

Palaku/ Watek : Nyi Kuwu/ Tambelar

Cutatan :

“Nyi Kuwu, mun aya katél urut jeung panci rada gedé nu teu dipaké rék nginjeum keru nyieun ubar jeung ngagodog leuhang. Jolang deuih keur nu mandi leuhang. Isuk rék di dieu baé nyieunna. Jeung wadah tina gedah nu aya tutupan deuih keur wadah ubar” pokna.

“Aya, ké rék disadiakeun” walon Nyi Kuwu.”

<p>Analisis : Data di luhur mangrupa kajadian Nyi Kuwu anu nyayogikeun alat-alat pikeun nyieun ubar.</p>
<p>Kode data : (A/E6/KU3/KC26) Palaku/ Watek : Nyi Kuwu/ Getén Cutatan : “Isukna kira-kira jam 8 Nyi Kuwu datang bareng jeung Si Sudar mawa dahareun.”</p>
<p>Analisis : Data di luhur mangrupa kajadian Nyi Kuwu anu datang isuk-isuk ngiriman dahareun.</p>
<p>Kode data : (A/E9/KU3/KC36) Palaku/ Watek : Ki Atma/ Peupeuleukeuk Cutatan : “Isukna réngsé sasarap Ki Atma nganuhunkeun kana pamahanan Kuring, terus nyarita kieu :”Rumasa Kuring téh sok agul-agul ngarasa jagjag waringkas sanajan geus aya umu. Leumpang masih palinceng boh ka huma boh ka leuweung tur bisa kénéh tuak-taék mapay sigay ninggur leungeun mawa kawung. Duakt deui nurun0nurunkeun lodong eusi lahang. Pangpangna mahbisa ngubaran deuih nu sakapeung jadi kaagulan téh. Ayeuna ku Pangéran dicoba, teu pira ukur tisolédat.”</p>
<p>Analisis : Data di luhur mangrupa kajadian Ki Atma anu kamusibahan lantaran sok agul nagrasa jagjag.</p>
<p>Kode data : (A/E4/KU3/KC18) Palaku/ Watek : Ki Atma/ Teu itungan Cutatan : “Bisi kasoréan teuing,” pokna. Rék dikeupeulan teu daékeun. “Teu, kudu,” pokna singget méméh balik.</p>

<p>Analisis :</p> <p>Data di luhur mangrupa kajadian Ki Atma sanggeus ngubaran anu tara daék dikeupeulan.</p>
<p>Kode data : (A/E8/KU3/KC30)</p> <p>Palaku/ Watek : Ki Atma/ Merewedeng</p> <p>Cutatan :</p> <p>“Hampura, Juragan lain teu butuh. Ngan tangtu ngarempak tetekon kolot nu peupeujeuh teu meunang ménta buruh, komo duit mah dipantarang pisan. Niatna ukut tutulung. Sieun cambal mun ngarempak téh”.</p>
<p>Analisis :</p> <p>Data di luhur mangrupa kajadian Ki Atma anu nyepeng omongan kokolot lembut anu teu daék narima duit sanggeus ngubaran.</p>
<p>Kode data : (A/E7/KU3/KC28)</p> <p>Palaku/ Watek : Sudarsim/ Getol</p> <p>Cutatan :</p> <p>“Atuh pikeun ngeusian waktu mun kaberen keur teu arateul mah sok pucal-pacul di kebon dibantuan ku Si Sudar, melak rupa-rupa bibinihan kayaning roay, kacang panjang, kacang cinggir jeung jaat.”</p>
<p>Analisis :</p> <p>Data di luhur mangrupa kagiatan toko kuring jeung Si Sudar amun panyakit arateulna kabeneran teu karasa.</p>
<p>Kode data : (A/E9/KU3/KC33)</p> <p>Palaku/ Watek : Sudarsim/ Rapekan</p> <p>Cutatan :</p>

“Sudar, gancang manéh ka pakuwon, saurkeun Juragan Kuwu dihaturanan kadieu, kituh. Jig, ayeuna. Tong léléda,” cékéng”.

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Si Sudar anu dititah ku tokoh kuring pikeun ngabéjaan hiji béja ka Ki Kuwu nu aya di Pakuwon

Kode data : (A/E5/KU3/KC20)

Palaku/ Watek : Sudarsim/ Gentur

Cutatan :

“Deuleukeun ku manéh ambéh bisa.” Pokna ka Si Sudar bari manjuran awak ku cileuhang.”

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Si Sudar keur diajar nyieun ubar atawa cileuhang.

Kode data : (A/E24/KU3/KC95)

Palaku/ Watek : Nyi Karsih/ Sieunan

Cutatan :

“Teu lila ujug-ujug kadéngé Nyi Karsih ngagoak di pangkéng, “Abah, ku naon ieu orok?” Ki Atma gancang ngojéngkang.

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Nyi Karsih anu kasieunan ningali Si Utun anu maot.

Kode data : (A/E12/KU3/KC47)

Palaku/ Watek : Ki Hanapi/ Panasaran

Cutatan :

“Tos kitu manéhna ngomong “Ari Juragan bogoh henteu ka Si Titing?” pokna togmol.

“Terus terang rada resep ku geténna, euy.” walon Kuring.

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Ki Hanapi anu panasaran kana karesep tokoh kuring ka Nyi Titing.

Kode data : **(A/E12/KU3/KC45)**

Palaku/ Watek : Nyi Titing/ Kesit

Cutatan :

“katiténan deuih sangges datangna isuk-isuk barang jol téh terus ngagodog leuhang, nyieun pahinum bari ngahaneut-haneutkeun dahareun sésa sore pangirim Nyi Kuwu.”

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Nyi Titing anu datang isuk-isuk tuluy nyieun ubar jeung ngaleuhang.

Kode data : **(A/E10/KU3/KC37)**

Palaku/ Watek : Nyi Titing/ Jujur

Cutatan :

“Punteun kasiangan ngalereskeun heula Abah,” pokna sasadu.”

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Nyi Titing anu datangna elat saacan ngubaran. Tokoh kuring.

Kode data : **(A/E12/KU3/KC46)**

Palaku/ Watek : Nyi Titing/ Jatmika

Cutatan :

“Na lain dipihukum baé, Juragan, Si Titing téh. Budakna pantes sakitu mah, bageur jeung nurut ka kolot sakanyaho mah. Kuring apal ti budakna kénéh jeung wanoh pisan ka kolotna” ceuk Ki Hanapi.”

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Ki Hanapi anu ngayakinkeun tokoh kuring pikeun mihukum Nyi Titing.

Kode data : (A/E23/KU3/KC90)

Palaku/ Watek : Ahmad/ Handap asor

Cutatan :

“Karunyaean meureun ningali kuring kaweur teu puguh polah ngungkulan awak arateul deui. Kuring dianterukeun ku Ahmad, si cikal. Nu harita mawa mobil”

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Ahmad anu nganteur tokoh kuring ka Cijamblang pikeun diubaran deui.

Kode data : (A/E24/KU3/KC92)

Palaku/ Watek : Ki Dastam/ Rikat

Cutatan :

“Jol datang Ki Dastam haruhah-haréhoh, bungaheun pisan ningali kuring geus nyampak.

“Tadina kuring rék ka Pa Kuwu rér rapot, kabeneran aya Juragan. Kieu, tadi subuh-subuh Si Iting labuh di cai.ngajehjer teu inget-inget. Untung aya nu néangan. Ayena keur ditarulungan ku saréréa. Malah geus ngala paraji sagala.”

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Ki Dastam anu ngabéjaan yén Nyi Titing cilaka di cai.

Kode data : (A/E1/KU3/KC5)

Palaku/ Watek : Ema/ Bageur

Cutatan :

“Saur Ema, “Tuh, adi Aam,” bari nuduhkeun ku angkeutna. Kuring kaluar ti tepas mapag nu anyar datang.”

Analisis :

Data di luhur mangrupa kajadian Ema nu nitah Aam pikeun ngaangkeun adina anu datang ka imah di Padahérang.

4) (Fakta Carita) Latar

Kode data : **(A/LT/E1/KU4/KC5)**

Latar : Padahérang

Cutatan :

“Dua taun katukang ngimpi téh. Di dituna keur duaan ditepas jeung Ema. Di bumi Ema baréto **di Padahérang**. Kuring gé rarasaan keur ngora kénéh.

Analisis :

Dumasar kana data di luhur aya hiji kajadian nyaéta datangna adi Aam dina ngimpi Aam keur di Padahérang

Kode data : **(A/LT/E1/KU4/KC6)**

Latar : Imah

Cutatan :

“Dua bulan ka tukang basa kuring keur nyorangan **di Imah**, bojo jeung barudak harita keur kaluar, jol Ceu Omih nganjang.

Analisis :

Dina kana data di luhur aya sababaraha kali kasebut latar tempat imah, ku kituna loba kajadian di imah dina jero carita ieu novél.

Kode data : **(A/LT/E1/KU4/KC7)**

Latar : Cijamblang

Cutatan :

“Ih, lain kitu. Kieu, Aam inget baréto basa Bapa lalanding **di Cijamblang** di Bumina Kang Mangku jeung Téh Één?” pokna.

Analisis :

Dumasar kana data di luhur bisa katitén aya sababaraha kajadian nu nyebutkeun latar tempat di Cijamblang.

Kode data : **(A/LT/E8/KU4/KC31)**

Latar : Pamoyanan

Cutatan :

“Henteu ukur misalah lebah siku jeng pigeulangan nyéngsol. Dibebener jeung ditambaan baé ku sorangan. Ayeuna gé bareuh kénéh can bisa dipaké gawé.” Walonna. Disina tatamba ka klinik **Pamoyanan** teu daékun.”

Analisis :

Dumasar kana data di luhur bisa katitén aya sababaraha kajadian nu nyebutkeun latar tempat di Pamoyanan.

Kode data : **(A/LT/E6/KU4/KC25)**

Latar : Imah panggung leutik camperenik

Cutatan :

“Isukna saréréa ka ditu. Bener baé barang jol ujug-ujug bogoh nénjo **imah panggung leutik camperenik**, cur-cor cai, aya balong, kebon sayur ngémploh héjo, hawa seger tur plung-plong ka mamana.”

Analisis :

Dumasar kana data di luhur bisa katitén aya sababaraha kajadian nu nyebutkeun latar tempat imah panggung leutik camperenik.

Kode data : **(A/LT/E5/KU4/KC20)**

Latar : Jamban

Cutatan :

“Sanggeus sagalana bérés Kuring dibawa **ka cai** di tukangeun dapur. Cileuhang panas nu warnana semu hideung wulung diwadahan kana émbér dibawa ku Si Sudar”

Analisis :

Dumasar kana data di luhur bisa katitén aya kajadian nu nyebutkeun latar tempat cai atawa jamban, kajadianna nyaéta tokoh Aam nu dibawa ka cai pikeun di ubaran ku cileuhang.

Kode data : **(A/LT/E4/KU4/KC21)**

Latar : Balé

Cutatan :

“Ki Mangun ngajak saréréa **ka balé** malang. Horéng di dinya geus ngabarik dahareun keur sasarap. Saréréa ngariung, kaasup Ki Atma”

Analisis :

Dumasar kana data di luhur katitén aya kajadian saréréa kumpul di Balé Malang. Ieu mangrupa salah sahiji latar tempat nu aya dina ieu novél.

Kode data : **(A/LT/E8/KU4/KC30)**

Latar : Kebon

Cutatan :

“Tos kitu nyieun pahinum, bahan-bahanna mah ngagegeba di kebon tinggal ngala. Si Sudar nu sok diuntuh-étahna

Analisis :

Dumasar kana data di luhur katitén aya kajadian-kajadian di Kebon, ciga néangan bahan-bahan pikeun nyieun ubar tuluy aya ogé kajadian anu nyieun Ki Atma teu bisa ngarancét deui lantaran tisolédat.

Kode data : **(A/LT/E12/KU4/KC46)**

Latar : Pakarangan Imah

Cutatan :

“Katénjo manéhna keur sasapu **di pakarangan**. Ki Lebé ngaharéwos “naha lain dipihukum baé, Juragan, Si Titing the. Budakna pantes sakitu mah, bageur jeung nurutka kolot sakanyahi mah. Kuring mah apal ti budakna kénéh jeung wani pisan ka kolotna”.

Analisis :

Dumasar kana data di luhur kasebutkeun hiji latar tempat nyaéta Pakarangan Imah, dina data di luhur aya sababaraha kajadian di Pakarangan Imah.

Kode data : **(A/LT/E9/KU4/KC33)**

Latar : Pakuwon

Cutatan :

“Sudar, gancang manéh ka **pakuwon**, saurkeun Juragan Kuwu dihaturanan kadieu, kituh. Jig, ayeuna. Tong léléda,” cékéng”.

Analisis :

Dumasar kana data di luhur aya hiji kajadian anu nyebutkeun latar tempat Pakuwon nyaéta Si Sudar nu dititah ka Pakuwon pikeun ngabéjaan Ki Kuwu.

Kode data : **(A/LT/E17/KU4/KC67)**

Latar : Cijambé

Cutatan :

“Bring saréréa indit sirib nikreuh ka Pasir **Cijambe**, lemburna Ki Atma di suku Gunung Kendeng.”

Analisis :

Dumasar kana data di luhur katitén aya hiji kajadian anu nyebutkeun latar tempat Cijambé, ieu tempat kasebut lantaran aya kajadian saréréa indit ngabring ka Cijambé ka lemburna Ki Atma.

Kode data : **(A/LT/E19/KU4/KC74)**

Latar : Kamar

Cutatan :

“Basa Kuring asup ka **kamar** nu dicaangan ku cempor, kasampak manéhna keur sidéngdang dina ranjang dispréan bodes ngarumbay nutupan kolong dipan.”

Analisis :

Dumasar kana data di luhur katitén latar tempat kamar kasebut dina carita, dina data di luhur kajadian anu aya nyaéta tokoh kuring anu nyaritakeun kaayaan kamar pas manéhna asup.

Kode data : **(A/LW/E22/KU4/KC86)**

Latar : Subuh

Cutatan :

“Entong **subuh-subuh**, poék. Biasa baé rada beurang. Keun dianteru ku Si Sudar,” ceuk Kuring.

Analisis :

Dumasar kana di luhur katitén aya sababaraha waktu subuh nu kasebut nyaéta jam 02.10, janari leutik, jeung subuh-subuh. Ieu mangrupa sempalan anu nuduhkeun latar waktu subuh

Kode data : **(A/LW/E5/KU4/KC19)**

Latar : Isuk-isuk

Cutatan :

“Isuk-isuk pisan Ki Atma datang deui, rébo ku babawaan. Nyoléndang koja eusina bubungkusan, nanggung bésék leutik dieusi dangdaunan sabebed, jeung lulumpang leutik tina kai, haluna guwang-gawing. Datang-datang brak diguar.”

Analisis :

Dumasar kana data di luhur latar waktu nu kasebut nyaéta aya jam 8 jeung isuk-isuk, ku kituna kajadian dina data di luhur nyaéta aya dina latar waktu isuk-isuk.

Kode data : **(A/LW/E16/KU4/KC63)**

Latar : Beurang

Cutatan :

“Pabeubeurang réngsé mandi tos dibalur, nitah Si Sudar ngageroan Ki Kuwu jeung Bojona”

Analisis :

Dumasar kana data di luhur, latar waktu anu kasebut nyaéta kasiangan, pabeubeurang, jeung bada lohor. Ku kituna dina data di luhur, latar waktu anu aya nyaéta beurang.

Kode data : **(A/LW/E19/KU4/KC73)**

Latar : Soré

Cutatan :

“Pasosoré bada asar Ki Kuwu jeung rombonganana marulang ka Cijamblang sanggeus disuguhan llawuh jeung dibekelan rupa-rupa kadaharan ti pribumi.”

Analisis :

Dumasar kana data di luhur, latar waktuna nyaéta soré lantaran dina sempalan kasebutkeun kecap pasosoré nu ngahartikeun waktu soré.

Kode data : (A/LW/E9/KU4/KC35)

Latar : Peuting

Cutatan :

“Liwat isa daratangna téh. Ki Atma leungeunna ti siku nepi ka pigeulangan dibungkus gips tanggeuy maké lamak bodas, dicangreudkeun kana taktak ngaliwatan beuheung.”

Analisis :

Dumasar kana data di luhur, latar waktu nu kasebut nya liwat isa, peuting, jeung peuting-peuting ku kituna bisa dicindekkeun yén latar waktuna nyaéta peuting

5) (Sarana Carita) Judul

Kode data : (A/E26/KU5/KC102)

Struktur carita : Judul

Cutatan :

“Gusti Nu Maha Agung. Sihoréng runtulan kajadian ti mimiti karasa arateul nepi ka tujuhna bojo di Cijamblang nu lilana tilu taun ukur lumangsung antara "nong" kadua jeung "nong" katilu sora jam di tengah imah. Ukur sawatara detik di Alam Dzikrullah mah. Di alam ditu mah kuring jadi Bapa. Atawa Bapa jadi kuring kituh? Atawa Bapa téh kuring, ari kuring téh Bapa? Naha Bapa nu awor jeung kuring atawa kuring awor jeung Bapa? Absur.”

Analisis :

Dina sempalan di luhur katitén aya kajadian nu matak bingung, ti mimiti karasa ateul nepi ka tujuh bojo di Cijamblang kaliwatan ngan saukur sababaraha detik di dunya nyata, éta mangrupa hal anu absur.

6) (Sarana Carita) Judul

Kode data : (A/E3/KU6/KC12)

Puseur implengan : Jalma kahiji

Cutatan :

“Kuring buburu nutup dikir ku muji “alhamdulillaj” terus ngarampa beungeut, beuheung, jeung ramo. Enya karasa panas, tapi galingging panas-tiris ieu mah ukur panas ti biasa, teu dibarengan ku tingsariak awak.”

Analisis :

Katitén dina data di luhur pangarang ngagambarkeun carita ngaliwatan palaku utama, nu mana loba nyebutkeun kecap kuring lain ngaran palaku utamana. Ku kituna puseur implengan dina ieu novél nyaéta jalma kahiji.

7) (Sarana Carita) Gaya basa

Kode data : (A/E24/U7/KC95)

Struktur carita : Gaya basa/ Rarahulan

Cutatan :

“Ju...ju...juragan, geu....geuning Si Utun ogé... ma..ma..maot... patutur...tutur...jeung indungna,” pokna pegat-pegat bari nginghal. Jajantung Kuring asa didudut. Ngan sakecap nu bisa ngébréhkeun tagiwurna **haté: Kiamat!**.

Analisis :

Katitén dina data di luhur aya sababaraha hal anu dileuleuwihi, nyaéta Nyi Titing jeung Anakna maot anu dirasa ku palaku utama nyaéta kiamat, padahal kahirupan manéh na mah masih lumangsung jeung kudu dilakonan

Kode data : (A/E1/U7/KC5)

Struktur carita : Gaya basa/ Kadalon

Cutatan :

Ngarérét kana jam nu ngadaplok na témbok”

Analisis :

Dumasar kana data anu aya di luhur katitén ayana keterangan anu ditambahán deui ku keterangan, padahal geus jelas teu ditambahán ogé,

Kode data : (A/E1/U7/KC7)

Struktur carita : Gaya basa/ Rautan

Cutatan :

“Ludeungan. Apan **rada di gunung** Cijamblang mah, jauh ti Pamoyanan ogé.”

Analisis :

Dumasa kana data di luhur gaya basa rautan mangrupa gaya basa anu ngaganti kecap anu kasar jadi rada merenah, kecap rada leuweung Cijamblang mah, diganti jadi rada di gunung sangkan kecap anu kasar atawa kurang merenah bisa diganti.

Kode data : (A/E6/U7/KC25)

Struktur carita :

Cutatan :

“Isukna saréréa ka ditu. Bener baé barang jol **ujug-ujug bogoh nénjo imah** panggung leutik camperenik,..”

Analisis :

Dumasar kana data di luhur gaya basa mijalma katitén tina barang anu miboga pasipatan manusa, contona nyaéta bogoh ka imah.

Kode data : (A/E12/U7/KC47)

Struktur carita : Gaya basa/ ngupamakeun

Cutatan :

“Hideung Santen kulitna téh kawas ilahar pakulitan mojang-mojang urang lembur, ngan katénjona asa leuwih mulus teu témbong aya tapak-tapak céda.”

Analisis :

“Hideung Santen kulitna téh kawas ilahar pakulitan mojang-mojang urang lembur, ngan katénjona asa leuwih mulus teu témbong aya tapak-tapak céda.”

Kode data : (A/E11/U7/KC43)

Struktur carita : Gaya Basa/ Silib

Cutatan :

“Ayeuna mah cuang **neukteuk leukeur, meulah jantung nyacag mayang, neukteuk méré anggeus,**”.

Analisis :

Katitén dina data di luhur gaya basa silib aya lantaran, aya kalimah anu puitis dina hiji kajadian, anu hartina moal sakali-kali deui, jeung moal balik deui.

8) Absurditas

Ngabuang manéh Cutatan

“Da enya atuh kuring sorangan cangcaya kana bener henteuna impian sorangan, kawuwuh keterangan ti Ceu Omih ogé apan geus lila pisan kajadianana.”

(Absur, kc.11)

Analisis

Absurditas ngabuang manéh dina sempalan di luhur, katitén aya lantaran hal nu teu panuju nyaéta kabeneran ngimpi nu dialaman dua taun ka tukang sarta aya kateu logisan nu mana dina ngimpi kacaritakeun aya adina tokoh Kuring nu datang ka imah. Tapi dina kahirupan mah saétuna tokoh Kuring mangrupa budak bungsing nu teu boga adi. Malahan geus tatanya kaditu kadieu, kalanceuk-lanceukna nu aya tapi angger jawabanna tokoh Kuring mangrupa budak bungsu.

Tokoh Kuring di dieu teu percaya kana naon nu geus dialaman (ngimpi panggih jeung adi), nepikeun dina sempalan di luhur ngarasa cangcaya bener henteuna kan impian anu dialaman. Absurditas nu aya dina sempalan di luhur nyaéta absurditas ngabuang manéh anu putus harepan.

Ngabuang manéh Cutatan

“Rumasa umur geus tengah tuwuh, reuay anak jeung boga incu. Dina enyana gé mihukum hayang dumasar niat beresih, embung katumpangan napsu birahi duméh kagémbang ku Mojang ngora jeung jenggléngan lahiriahna.”

(Absur, kc.49)

Analisis

Dina sempalan di luhur absurditas ngabuang manéh aya lantaran putusna hiji harepan, tokoh Kuring nutup diri lantaran ngarasa manéhna geus kolot malahan boga incu geus teu panten pikeun nikah deui.

Tokoh Kuring di dieu ngajauh ti sabudeureun lingkunganna pikeun meunang hiji alesan anu bisa jadi bongbolong pikeun paniatan nu beresih, embung katumpangan napsu birahi wungkul. Putusna harepan lantaran teu meunang jawaban atawa bongbolong dina hiji pasualan nu nyampak dina dirina

Ngabuang manéh Cutatan

“Keur kitu ujug-ujug leng lieur. Rarasaan tepas jeung imah asa muter.
Mimitina lalaunan, lila-lila beuki gancang.”

(Absur, kc.101)

Analisis

Absurditas ngabuang manéh, katitén dina sempalan di luhur. Toko Kuring ngalaman hiji kajadian anu rasana asing, di dieu tokoh Kuring ngarasa tepas jeung imah asa muter ieu nyababkeun hiji kasusah, pikeun tokoh Kuring nu mana awalna keur cicing di tepas, ngobrolkeun hiji pasualan jeung Ki Kuju sarta Ki Atma tuluy ngarasa muter bijil hiji kasusah nyaéta teu bisa cengkat pikeun nuluykeun obrolan di tepas.

Ngarasa tepas jeung imah muter mangrupa hiji hal anu teu logis dina kahirupan nyata, wangan ngabuang manéh dina sempalan di luhur nyaéta rasa anu asing teu acan kungsi dialaman.

Ngabuang manéh Cutatan

“Gusti Nu Maha Agung. Sihoréng runtulan kajadian ti mimiti karasa arateul nepi ka tujuhna bojo di Cijamblang nu lilana tilu taun ukur kumangsung antara “nong” jeung “nong” katilu sora jam di tengah imah”

(Absur, kc.102)

Analisis

Teu béda jauh jeung sempalan dina kaca 101, rasa nu asing muncul deui dina kaca 102 nu mana di dieu tokoh Kuring ngarasa hiji hal nyaéta kajadian anu sakitu panjangna ti mimiti karasa ateul jeung dipungkas ku tujuh poéna bojo di Cijamblang mangrupa hal anu diliwatan sababaraha detik dina kahirupan anu nyata mah.

Di dieu ngabuang manéh kacipta lantaran ayana hal anu teu logis sarta aya pilihan pikeun maéhan manéh mangrupa hiji pilihan anu bisa dipilih pikeun ngaréngsékeun hiji pasualan. Sanggeus kajadian éta tokoh kuring tuluy teu néangan bebeneran deui manéhna mutuskeun naon baé hal nu geus kaalaman dipasrahkeun waé ka Gusti.

Ma'na kahirupan Cutatan

“Sukur, Jang, datang.”ceuk kuring ngabagéankeun. Tuda teu nyaho saha ngaranna. Manéhna nyolongkrong rengkuh munjungan bari nyium leungeun”

(Absur, kc.5)

Analisis

Absurditas ma'na kahirupa muncul dina sempalan di luhur, lantaran sempalan di luhur némbongkeun rasa sukur nu mana ieu ngagambarkeun manusa anu soméah. Lantaran manusa mangrupa mahluk sosial nu teu bisa hirup sorangan, dina sempalan di luhur kagambar ayana sosialisasi sarta paham kana kabutuhan dirina sorangan. Hiji jalma ngahormat ka batur pasti batur ogé bakal ngahormat.

Ma'na kahirupan Cutatan

“Apan unggal poé sok dikintunan ku téh Één. Jaba aya si Darsim purah ngaliwet jeung ngahaneut-haneutkeun mah. Atuh mun hayang beuleum lauk tinggal nguseup”

(Absur, kc.9)

Analisis

Dina sempalan di luhur ma'na kahirupan, nyaéta paham kana pangabutuh. Manusa salaku mahluk nu butuh rupa-rupa hal, dina sempalan di luhur katitén yén manusa butuh nu ngarana tuang. Manusa aya di dunya teu bisa hirup sorangan, ieu katitén dina sempalan di luhur. Hiji manusa bisa ngalakukeun hiji hal sacara rasional atawa irasional.

Ma'na kahirupan Cutatan

“Peuting éta nu pangheulana dibéjaan téh batur saimah, Si Sudar. Manéhna atoheun cenah aya “euceu” mah bakal aya nu mantuan popolah.”

(Absur, kc.63)

Analisis

Absurditas ma'na kahirupan dina sempalan di luhur aya lantaran, kacipta rasa bungah dina kajadian. Ayana béja anu nyieun Si Sudar bungah, ieu mangrupa salah sahiji hal nu nyieun munculna ma'na kahirupa dina salah

sahiji jalma. Loba hal séjén anu bisa nyieun jeung ngamunculkeun ma'na kahirupan.

Ma'na kahirupan Cutatan

Tong sieun-sieun, Nyai. Da moal maksa Bapa mah," ceuk Kuring ngaharéwos nyombo.

"sanéhs sieun. Bagja," walonna sarua ngaharéwos dareuda."

(Absur, kc.73)

Analisis

Dina sempalan di luhur, absurditas ma'na kahirupan muncul lantaran kaciptana rasa bagja dina kahirupan Nyi Titing sanggeus dinikah ku Kuring. Ieu mangrupa salah sahiji hal nu nyieun atawa kacipta tina kahirupa hiji manusa nu ngabogaan ma'na dina kahirupanna.

Pati Cutatan

"Ju...ju...juragan, geu...geuning Si Utun ogé ma...ma...maot... patutur...tutur... jeung indungna," pokna pegat-pegat bari nginghak.Jajantung kuring asa didudut. Ngan sakecap nu bisa ngébréhkeun tagiwurna haté: Kiamat!"

(Absur, kc.95)

Analisis

Dina sempalan di luhur, absurditas wangun pati aya lantaran, ayana hiji kajadian anu nyieun rasa bungah, leungit ku hiji hal. Saétuna tokoh Kuring di dieu dibéré pilihan pikeun pati. Pati sacara fisik atawa pati sacara filosofis. Dina sempalan di luhur bisa katitén yén ayana pati sacara filosofis lantaran salah sahiji hal nu nyieun bungah, leungit kitu baé dina kahirupan nyatana.

Sempalan di luhur mangrupa kajadian Nyi Titing jeung anakna maok, nu nyieun rasa kasedit nepikeun ngabisa ngébréhkeun hiji kecap dina hate nyaéta Kiamat..

Harepan Cutatan

“Kitu baé sapopoé. Dileuhang, nginum jajamu, sasarap, dibalur ubar, moyan.”

(Absur, kc.27)

Analisis

Dina sempalan di luhur, wangun absurditas harepan muncul tina kaayaan nu patukang tonggong jeung kahirupan. Sempalan di luhur mangrupa kagiatan rutin diubaran ku Ki Atma, bisa dihartikeun ayana harepan sangkan hayang cageur ti panyakit arateulna anu geus lila nyampak. Geus di usahakeun nginum jajamu, sasarap, jeung dibalur ubar tapi panyakit arateulna masih aya.

Ayana harepan jeung tujuan manusa nu teu saluyu jeung kahirupan nu dilakonan, nyiptakeun rasa pikeun ngaharepkeun hiji hal. Ieu mangrupa salah sahiji harepan nu aya dina novél *Absur*.

Harepan Cutatan

“Nyinglarna panghadé-hadéna taya lian Nyi Tititng kudu dipihukum sangkan teu nimbulkeun pitenah nu pohara. Muga-muga baé budakna puruneun jeung kolotna ngidinan.”

(Absur, kc.51)

Analisis

Dina sempalan di luhur, wangun harepan digambarkeun dina paniatan pikeun mihukum Nyi Titing, tokoh Kuring teu apal naha paniatan manéhna geus bener atawa acan. Harepan nu muncul lantaran tokoh Kuring teu apal engké Nyi Titing bakal puruneun atawa henteu jeung bakal diwidian henteu ku Ki Atma pikeun mihukum anakna.

Harepan dina sempalan di luhur nyaéta hayang mihukum Nyi Titing, sarta hayang mulang tarima ka kulawarga Ki Atma anu geus ngubaran panyakit arateul.

Harepan Cutatan

“Kuring nepakan beungeut bojo lalaunan bari ngaharéwos “Nyai, geura éling, ieu Bapa” ceuk kuring sababaraha kali bari ngusapan buukna”

(Absur, kc.94)

Dina sempalan di luhur absurditas wangun harepan muncul tina kaayaan Nyi Titing nu teu sadar-sadar sanggeus ngajuru. Nu mana kaayaan Nyi Titing teu sadar, tapi tokoh Kuring boga kahayang atawa harepan sangkan Nyi Titing sadar jeung bisa hudang.

Ieu saluyu jeung nurutkeun Camus harepan lahir lantaran kayaan kahirupan hiji manusa anu patukang tonggong jeung kahayang atawa harepanna

Baruntak Cutatan

“Sanggeus datang ka Cijamblang, isukna ditepungkeun jeung nu rék ngubaran. Ki Atma ngaranna. Umurna kolotan ti kuring saeutik”

(Absur, kc.17)

Dina sempalan di luhur absurditas muncul dina wangun baruntak, di dieu tokoh Kuring/ Aam Ramdani katimpa musibah nyaéta kaparengan panyakit areteul nu teu cageur-cegeur geus diubaran kaditu kadieu. Hiji waktu alona ngabéjaan yén di Cijamblang aya nu bisa ngubaran rupa-rupa panyakit.

Dina sempalan di luhur mangrupa hiji tarékah nu diusahakeun sangkan bisa ngalawan kana kaayaan nu teu panuju. Samisalna teu ayana sikep baruntak pikeun panyakit nu dialaman ku manéhna tangtu panyakit arateul bakal nyampak tuluy teuing nepi iraha, lantaran aya sikep baruntak kana kaayaan nu dialaman geus kaditu kadieu néangan ubar tuluy diusahaan sangkan bisa cageur tina panyakit arateulna. Ieu mangrupa salah sahiji hal absurd nu dilakonan ku manusa dina kahirupan nu mana aya hiji sikep nyaéta baruntak pikeun kaayaan nu teu sapanuju, teu nyerah kitu baé kana absurditas.

Baruntak Cutatan

“Pagétop mah rék mimitian dirancét”. Leuhang jeung ubarna tetep”

“pahinumna?” kuring nanya.””dirobah,” walonna, “nyaéta godogan sambiloto, daun janur, tangkal cécédét, sembung jueng ganbir sabeulah.”

(Absur, kc.29)

Dina sempalan di luhur mangrupa rutinitas nu ditingalikeun ku tokoh Kuring, ieu rutinitas mangrupa rutinitas anu absurd lantaran tuluy néangan ubar pikeun panyakit arateul nu nyampak. Geus dileuhang, nyieun pahinum, tuluy ditambahan deui ku ngarancét. Sabadana mah malah geus ka doktor, ka klinik jeung tempat-tempat nu nyadiaan ubar tradisonal tapi anggeur panyakit arateulna masih aya.

Absurditas muncul dina sempalan di luhur lantaran ayana sikep baruntak nu tuluy ditingalikeun ngaliwatan hiji usaha nu dipiharep engkéna bisa luyu jeung kahayang nu aya. Wangun baruntak tuluy dilakonan ku tokoh Kuring, aya ubar nu gagal pikeun ngubaran panyakit arateulna tapi tuluy néangan ubar nu séjén. Ieu mangrupa sikep anu teu nyerah kitu baé kan absurditas.

Baruntak Cutatan

“Bakat ku panasaran, pangpangna mah bisi enya kungsi boga adi, basa tepung jeung Ceu Énah, lanceuk awéwé panggedéna, didongéngkeun impian téh. Ditanyakeun deuih naha baréto Bapa jeung Ema kagungan putra deui sanggeus Kuring atawa Ema kungsi kaluron sabada Kuring dijurukeun.”

(Absur, kc.6)

Wangun baruntak anu lian dina novél *Absur* nyaéta aya dina sempalan di luhur. Saacana Aam Ramdani ngalaman ngimpi dua taun ka tukang panggih jeung adina. Nu saétuna mah teu boga adi lantaran manéhna mangrupa bungsu. Dina sempalan di luhur aya sikep baruntak nu ditingalikeun, nyaéta ngalawan kana kaayaan pikeun néangan bebeneran ngeunaan ngimpi panggih jeung adina. Naha bener boga adi atawa saha nu muncul dina ngimpi éta téh?.

Wangun baruntak di dieu pikeun néangan bebeneran kana ngimpi nu dialaman, kucara nanya ka lanceuk-lanceukna nu aya kénéh naha Ema jeung Bapa kapungkur kagungan purtra deui atawa henteu. Samisalna teu aya sikep baruntak tangtu ngimpi nu dialaman bakal dipohokeun kitu baé lantaran narima kana kaayaan, tapi di dieu Aam baruntak kana kaayan éta nepi néangan bebeneran ngeunaan ngimpi éta ka lanceuk-lanceukna.

RIWAYAT HIRUP



Rendy Rustandi Saepuloh, gumelar di Bandung 10 Juli 2001. Rendy anak kahiji ti dua sadulur pasangan Rudi Rustandi jeung Adé Yoyoh. Mimiti nyuprih pangarti di SDN Sukawarna 1 (2008-2014), SMP Kartika XIX-2 Bandung (2013-2016), jeung SMK Yapari-Aktripa Bandung(2016-2019). Ti dinya tuluy kuliah di Program Studi Pendidikan Bahasa Sunda, Universitas Pendidikan Indonésia, alhamdulillah katarima ngaliwatan jalur SNMPTN.

Salila nyuprih élmu di kampus, Rendy kungsi aktip ilubiung dina sababaraha organisasi, diantara BEM REMA UPI (2021-2022) salaku staff Medinfo, Dokumokaku (2021-2022) salaku staff, tuluy ilu biung ogé di Himpunan Mahasiswa Pendidikan Bahasa dan Sastra Sunda (Hima Pensatrada) dina taun 2020-2021 salaku dalem KPLH Pancaksuji jeung dina taun 2021-2022 salaku Kabid 2 Minat jeung Bakat. Rupa-rupa kagiatan anu aya boh anu formal boh anu nonformal kungsi diiluan. Ti mimiti ngilu pengkaderan, pengabdian ka masarakat, jrrd kagiatan anu séjenna. Lian ti éta Rendy boga karesep gugunungan atawa naék gunung, aya sababaraha gunung anu kungsi Gunung Burangrang, Tangkuban Parahu, Manglayang, Guntur, Ciremai, Cikuray, jrrd gunung nu aya di Jawa Barat.

Tangtu pangalaman nyuprih élmu jeung ilu biung dina organisasi, ngahasilkeun rupa-rupa mangpaat. Pamungkas, mugia élmu pangaweruh jeung pangalaman anu dicangking salila nyuprih pangarti ti SD dugi ka kuliah bisa kaala mangpaatna hususna pikeun diri sorangan umumna pikeun balaréa, mugia tiasa bagja di dunya jeung ahérat.